

BAB II

GEGARAN *TEORI*

A. Filologi

1. Pangretosan *Filologi*

Tembung *filologi* asalipun saking tembung basa Yunani '*philos*' ingkang gadhah teges '*cinta*' utawi tresna, saha tembung '*logos*' ingkang gadhah teges '*kata*' utawi tembung. Tembung *filologi* ngawrat kalih tembung kasebat ingkang gadhah teges '*cinta kata*' utawi tresna dhateng tembung (Shiplely lumantar Nurhayati, Mulyani & Ekowati, 2018: 2). Teges menika lajeng ngrembaka dados 'remen sinau', 'remen kaliyan seserepan', 'remen kaliyan sastra', 'remen kaliyan kabudayan'.

Filologi inggih menika satunggaling seserepan ingkang objek panalitenipun *naskah-naskah* kina (Djamaris lumantar Hartanto & Nurhayati, 2018: 8). Inggih dipunwastani *naskah* ing panaliten menika inggih sedaya tilaranipun leluhur ing dluwang, lontar, wlulang, kajeng, saha rotan. *Naskah* menika ugi ngewrat bab basa, sastra, menapa dene budaya satunggaling bangsa. Mulyani (2014: 1) ngandharaken bilih *filologi* minangka satunggaling *disiplin* ingkang gegayutan kaliyan *studi* tumrap asilipun budaya (*buah pikiran*, raos, kapitadosan, adat istiadat, saha *nilai-nilai* ingkang tumurun ing panggesangan masarakat) manungsa ing mangsa ingkang sampun kalampahan.

Adhedhasar pinten-pinten pangretosan *filologi* dening para ahli menika saged kapundhut dudutan bilih *filologi* inggih menika seserepan ingkang nyinau

babagan basa, sastra, saha kabudayanipun satunggaling bangsa ingkang kawrat ing *naskah-naskah* kina. Panaliten mpenika ngginakaken seserepan *filologi* amargi badhe nindakaken panaliten tumrap *naskah* Jawi ingkang ngrembag babagan kapribaden ingkang kawrat ing *naskah Dhedhasaraning Wewatekanipun Manungsa*.

a. Ancasipun Filologi

Filologi ingkang naliti babagan *naskah* kina menika gadhah ancas supados saged ndudhah kanthi sampurna sujarahipun satunggaling bangsa. *Filologi* gadhah ancas ingkang *khusus* saha umum (Baried lumantar Nurhayati et.al., 2018: 3-4).

Ancas *filologi* ingkang *khusus* inggih menika:

- 1) Mangretos kabudayan satunggaling bangsa kanthi temen lumantar asil sastranipun, sae lisan menapa dene ingkang awujud seratan;
- 2) Mangretos teges saha paedahipun *teks* seratan ing masarakat ingkang nganggit tumrap masarakat ingkang nampi, sae ing mangsa ingkang sampun kalampahan menapa dene mangsa samenika;
- 3) Ngandharaken *nilai-nilai* budaya lami minangka *alternatif* kangge ngrembakakaken kabudayan;
- 4) Nglestantunaken warisan budaya bangsa mangsa ingkang sampun kalampahan saha njagi lestantunipun warisan budaya supados saged ngrembaka ngantos mangsa ingkang badhe kalampahan.

Ancas *filologi* ingkang umum inggih menika:

- 1) Ngandharaken bentuk *teks* ingkang asli minangka seratan ing mangsa ingkang sampun kalampahan;

- 2) Ngandharaken sujarah babagan kadospundi *teks* saha sujarah pangrembakanipun *teks* menika;
- 3) Ngandharaken *resepsi* pamaos ing saben wekdal anggenipun nampi *teks*;
- 4) *Nyunting teks* ingkang saged dipunwaos kaliyan masarakat ing jaman samenika.

Adhedhasar andharan bab ancasipun *filologi* ingkang sampun kaandharaken nginggil menika, panaliten *filologi* tumrap *naskah Dhedhasaraning Wewatekanipun Manungsa* gadhah ancas kangge ngandharaken kawontenanipun *naskah Dhedhasaraning Wewatekanipun Manungsa*. Salajengipun *naskah* menika badhe dipun-*transliterasi* saha dipun-*sunting* kangge mbiyantu anggenipun ngandharaken wosipun *teks* ing *naskah Dhedhasaraning Wewatekanipun Manungsa*.

b. Objek Panaliten *Filologi*

Jumbuh kaliyan ingkang sampun kaandhar ing nginggil menika menawi *filologi* gadhah objek panaliten arupi *naskah* utawi *teks*. Pramila ing ngandhap menika badhe kaandhar babagan *naskah* saha *teks* minangka objek kaji *filologi*.

1) *Naskah*

Naskah menika gadhah wujud ingkang nyata, gadhah bentuk, saged dipuntingali, saha saged dipuncepeng (Baried lumantar Nurhayati et.al., 2018: 5). *Naskah* minangka objek kaji *filologi* menika kaanggep minangka asilipun budaya ingkang arupi cipta sastra. *Naskah* kaanggep minangka cipta sastra amargi *teks* ingkang wonten ing salebetipun *naskah* minangka satunggaling kawetahan saha ngawrat amanat. Amanat ingkang wonten ing salebeting *teks* sesambetan kaliyan

falsafah gesang saha arupi kesenian ingkang sanes. Bilih dipuntingali saking maknaipun, wacana ingkang arupi *teks* kina menika ngawrat paedah tartamtu, inggih menika ngangen-angen pikiran saha mbentuk norma ingkang lumampah, sae tumrap tiyang ingkang gesang ing jaman menika utawi kangge *generasi* ingkang salajengipun.

Darusuprpta (lumantar Mulyani, 2012: 1) ngandharaken bilih *naskah* tegesipun anggitan ingkang sinerat tangan (carik), ingkang taksih asli menapa dene ingkang sampun wujud salinanipun. Dados, *naskah* utawi manuskrip Jawa inggih menika anggitan ingkang sinerat tangan (carik), ingkang taksih asli menapa dene ingkang sampun awujud salinanipun, ingkang ngewrat warni-warnining bab ingkang mujudaken wohing kabudayanipun masarakat ing jaman rumiyin, ingkang dipunandharaken mawi basa Jawi (Mulyani, 2012: 1).

2) *Teks*

Teks inggih menika tembung-tembung minangka wos satunggaling *naskah* ingkang paring andharan bab kabudayan satunggaling bangsa ing mangsa ingkang sampun kalampahan ingkang awujud lisan menapa dene seratan. Salebeting *filologi*, *teks* nedahaken minangka bab ingkang *abstrak*. Tegesipun, *teks* menika satunggaling bab ingkang saged namung dipunangen-angen kemawon saha saged dipunmangretosi wosipun bilih sampun dipunwaos. *Teks* menika dumados saking wos saha bentuk (*content and form*). Wosipun *teks* inggih menika pamanggih, pepeling utawi *amanat* ingkang saking panganggit dhumateng pamaosipun. Bentuk *teks* inggih menika wos ingkang wonten ing salebeting *teks*, inggih andharan ingkang wonten ing unen-unen utawi waosan

ingkang saged dipunwaos saha dipunsinau saking saperangan seserepan kadosta basa, sastra, saha budaya (Nurhayati et.al., 2018: 6-7).

Teks ingkang kaserat ing *naskah* Jawi menika kaserat kanthi maneka warni jinis seratan aksara Jawa. Jinis seratan aksara Jawa ingkang dipunginakaken kaperang dados sekawan inggih menika:

- a) mbata sarimbag inggih menika aksara Jawa ingkang wujudipun kados dene banon;
- b) ngetumbar inggih menika wujudipun aksara Jawa ingkang perangan nginggilipun bunder kados dene tumber;
- c) mucuk eri inggih menika aksara Jawa ingkang perangan nginggilipun lancip kados eri;
- d) *kombinasi* inggih menika aksara Jawa ingkang wujudipun *kombinasi* saking tigang wujud seratan aksara Jawa inggih menika mbata sarimbag, ngetumbar, mucuk eri, saha *kombinasi* (Ismaun, 1996: 1).

c. Urut-Urutanipun Panaliten *Filologi*

Urut-urutanipun panaliten *filologi* inggih menika dipunwiwiti saking *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah*, nandingaken *naskah*, *transliterasi teks*, *suntingan teks* kanthi *penyajian aparat kritik*, saha ingkang pungkasan inggih ndamel *terjemahan-ipun* (Mulyani, 2012: 3).

1) *Inventarisasi Naskah*

Inventarisasi naskah minangka bab ingkang miwiti panaliten *filologi*. *Inventarisasi naskah* inggih menika ngempalaken *informasi* ngengingi *naskah-naskah* ingkang sajinis (Saputra, 2008: 81). Cara ingkang dipunginakaken kangge

mangretosi kawontenan satunggaling naskah saged dipunpikantuk lumantar *studi katalog*. Kanthi ngginakaken saperangan *katalog* saged pikantuk dhata ingkang gegayutan kaliyan *naskah saha teks* ingkang badhe dipunginakaken objek panaliten. Sasampunipun dipuntemtokaken *naskah saha teks*-ipun, salajengipun inggih nindakaken *pengamatan langsung* ing panggenan ingkang nyimpen. Asil saking *inventarisasi naskah* inggih menika: irah-irahan, panyerat, panggenan nyerat, wekdal panyeratan, ngginakaken aksara menapa, pinten gunggungipun kaca, mangsi ingkang dipunginakaken, lan sapanunggilanipun (Nurhayati et.al., 2018: 25). Wondene Sulistyorini (2015: 81-82) ngandharaken bilih satunggaling filolog nalika nindakaken panaliten *filologi* dipunwiwiti kanthi kagiyatan nyathet saha ngempalaken *naskah*. Nalika *naskah* ingkang dipunanggihaken jamak, pramila *naskah* prelu dipunbandingaken kangge nemtokaken *naskah* ingkang langkung jangkep kangge *data* panaliten. Anggenipun nandingaken *naskah* saged ngginakaken mapinten-pinten metode, antawisipun inggih menika *metode intuitif, metode objektif, metode gabungan, metode landasan, saha edisi naskah tunggal*.

2) Deskripsi Naskah

Deskripsi naskah salebetipun panaliten *filologi* gadhah ancas kangge paring informasi ibabagan kahana *fisik naskah* ingkang dipunteliti. Bab menika wigatos dipuntindakaken amargi ing kasunyatanipun satunggal irah-irahan *naskah* menika saged dipunpanggihaken saperangan ingkang sami amargi wontenipun tradisi *salin-menyalin naskah* ingkang ngantos samenika tasih dipuntindakaken. Ancasipun *deskripsi naskah* menika kangge mahyakaken kahanan *teks* utawi

kahanan *naskah* ingkang dipuntaliti. Mulyani (2014: 45-47) ngandharaken bab-bab ingkang wigatos anggenipun *deskripsi naskah* inggih menika:

- a) Panyimpening *naskah*: sinten ingkang nyimpen, wonten pundi anggenipun nyimpen, pinten nomer kodeksipun;
- b) Irah-irahanipun: kadospundi anggenipun dipunpanggihaken, adhedhasar katrangan salebetipun *teks* dening panyerat ingkang sepisan, utawi adhedhasar katrangan ingkang dipundamel boten kaliyan panyerat ingkang sepisanan, adhedhasar katrangan ing sajawinipun *teks* dening panyerat ingkang sepisan menapa dene panyerat ingkang boten sepisanan.
- c) Pambuka: andharan ing bageyan wiwitan ingkang boten lumebet ing isinipun *teks*, inggih menika wekdal panyeratan, panggenan anggenipun nyerat, ancasipun nyerat menika, asmanipun panyerat, pepenginanipun panyerat, puja-puji dhateng Gusti saha nabinipun (manggala);
- d) Panutup: andharan ing bageyan wingking ing sajawinipun isi *teks*, inggih menika wekdal purnanipun anggen nyerat, ancasipun nyerat menika, asmanipun panyerat, pepenginanipun panyerat (kolofon);
- e) Ukuran *naskah*: wiyar x panjangipun *naskah*, kandelipun *naskah*, jinis bahan *naskah* (lontar, dluwang, kertas), bercak;
- f) Ukuran *teks*: wiyar x panjangipun *teks*, gunggungipun kaca *teks*, kaca ingkang kosong;
- g) Isi: lengkap utawi kirang, wonten gambaripun menapa boten, gancaran, tembang utawi drama utawi kombinasi, menawi prosa pinten gunggungipun

larik saben kaca, menawi tembang pinten gunggungipun pupuh, menapa kemawon nami tembangipun, pinten gunggungipun larik saben sapupuh;

h) Jinis: lumebet wonten ing golongan pundi (piwulang, sujarah, saha sapanunggalanipun) saha kadospundi titikanipun.

i) Seratan:

Jinis aksara : Jawa/ Arab Pegon/ Latin;

Bentuk aksara : kotak, bunder, lancip, kombinasi;

Ukuran aksara : ageng/ alit/ sedengan;

Sikap aksara : tegak/ miring;

Goresan aksara : kandel/ tipis;

Warni tinta : cemeng/ soklat/ biru/ abrit;

Dipunserat ing sisih *verso/ recto*;

Dipunwaos gampil utawi boten;

Seratan asta ingkang sampun terampil menapa dereng.

j) Basa: resmi, dialek, campuran, kaprabawan basa asing;

k) Catetan dening asta utawi seratan sanes:

Salebetipun *teks*: kaca pinten, ing pundi, kados pundi;

Sajawinipun *teks* ing tepinipun *teks*: kaca pinten, ing pundi, kadospundi;

l) Catetan ing papan sanesipun: dipunpaparaken ing daftar *naskah*/ katalogus/ artikel ing pundi kemawon, kados pundi gegayutanipun satunggal saha sanesipun, kados pundi kualitas saben *naskah* menika.

3) Nandingaken *Naskah* (Nemtokaken *Naskah* saha Maos *Naskah*)

Naskah menika biasanipun boten namung satunggal saha boten sedaya sami isinipun utawi beda ing saperangan bab. Pramila nandingaken *naskah* menika wigatos sanget supados kita saged nemtokaken *naskah* ingkang pundi ingkang dados dhasar. Nandingaken *naskah* perlu dipuntindakaken bilih *teks* utawi cariyos dipunserat salebetipun kalih *naskah* utawi langkung kangge ngleresaken tembung-tembung ingkang ingkang lepat utawi boten saged kawaos, kangge mangretosi silsilah *naskah*, supados saged nemtokaken *naskah* ingkang langkung sae, saha ancas sanesipun (Djamaris, 1977: 26). Bab menika dipunsengkuyung dening Nurhayati (2018: 88) bilih nandingaken *naskah* saha *teks* menika pados bab ingkang sami utawi beda ingkang wonten ing *naskah* ingkang sajenis. Bedanipun *naskah* menika dipunsebabaken wontenipun kagiyatan nyalin, salebetipun nyalin menika wonten kalepatan ugi wonten wuwuhan.

Urutan kaping pisan ingkang kedah dipunlampahaken salebetipun nandingaken *naskah* inggih menika maos saha mbiji (*resensi*) sedaya *naskah* ingkang wonten, pundi ingkang kalebet *naskah* objek panaliten saha pundi ingkang boten. Bilih sampun gamblang saking kathah bab *naskah* menika namung salinan saking *teks* sanesipun saha boten nedahaken khas menapa kemawon, pramila *teks* menika dipunsisihaken kemawon utawi *eliminasi* (Baried et.al., 1985: 66).

Naskah ingkang langkung saking setunggal menika menawi sampun kasil anggenipun nandingaken lajeng dipuntindakaken *resensi*. *Resensi* inggih menika

nemtokaken *naskah* awal adhedhasar nandingaken *naskah* ingkang kasusun ing satunggaling silsilah *keturunan (stema)*. Lajeng dipuntindakaken *emendasi*. *Emendasi* inggih menika kagiyatan ngleresaken utawi mangsulaken *teks* ing bentuk ingkang dipunraos asli (Sulistyorini, 2015: 81).

Djamaris (1977: 27) ngandharaken bilih nandingaken *naskah* menika kadosta:

- a) Nandingaken tembung mbaka tembung, kangge ngleresaken tembung-tembung ingkang boten saged kawaos utawi ingkang lepat;
- b) Nandingaken susunan ukara utawi lelewaning basa, kangge nglompokaken cariyos salebeting pinten-pinten *versi* saha kangge manggihaken cariyos ingkang basanipun lancar saha gamblang;
- c) Nandingaken isi cariyos kangge pikantuk *naskah* ingkang isinipun jangkep saha boten nyerong, saha kangge mangretosi unsur enggal ingkang wonten ing *naskah*.

Ananging ing panaliten menika anggenipun nandingaken *naskah* mlebet ing salebeting inventarisasi *naskah*. Bab menika amargi wonten kalih *naskah* kanthi irah-irahan ingkang sami ateges *data-nipun* jamak, lajeng dipunbandingaken ngginakaken *metode landasan*. Pamilihing saha nemtokaken *naskah* adhedhasar yuswanipun *naskah*, kawontenan *naskah*, jangkepipun *informasi* salebeting *naskah* (asma panyerat, panggenan saha tanggal anggenipun nyerat, *penerbit* saha warsa *terbit*).

4) *Transliterasi*

Sacara *teoritis* *alih tulis teks* menika wonten kalih inggih menika *transkripsi* saha *transliterasi*. *Alih tulis teks* katindakaken jumbuh kaliyan ancas panaliten. Bilih panaliten ancasipun kangge nglestantunaken *teks* ingkang dipunserat ngginakaken aksara Jawa pramila katindakaken *transkripsi*. *Transkripsi* inggih menika *alih tulis naskah* kanthi aksara ingkang sami kaliyan aksara ingkang kaginakaken ing *naskah* ingkang dipun-*alihtulis* (Baroroh-Baried lumantar Nuhrayati, et. al., 2018: 43). Wondene bilih ancas panaliten menika kangge nggampilaken kangge panaliti nganalisis wosipun *teks*, katindakaken transliterasi. *Transliterasi* inggih menika nggantos jinisipun seratan, aksara mbaka aksara saking abjad satunggal dhateng abjad sanesipun (Baried lumantar Hartanto & Nurhayati, 2018: 15). Dene miturut Mulyani (2012: 9) *transliterasi* inggih menika alih serat dhateng seratanipun *teks* mawi aksara ingkang boten sami kaliyan aksaranipun *teks*. Umpaminipun, *teks* kaserat mawi aksara Jawa, kadamel alih seratanipun mawi aksara Latin utawi Arab Pegon. Menawi *teks* kaserat mawi aksara Arab Pegon dipunalih-aksara mawi aksara Latin utawi aksara Jawa. Adhedhasar andharan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih alih aksara ingkang katindakaken ing panaliten menika inggih transliterasi jumbuh kaliyan ancas panaliten kangge nganalisis wosipun *teks*.

5) *Suntingan Teks saha Aparat Kritik*

a) *Suntingan Teks*

Suntingan teks inggih menika satunggaling rantaman panaliten *filologi* ingkang wigatos amargi dipuntindakaken kanthi tliti. *Suntingan teks* wonten kalih

jinisipun, inggih menika *suntingan edisi diplomatik* saha *suntingan edisi standar* (Baried lumantar Hartanto & Nurhayati, 2018:16-17). *Suntingan teks diplomatik* inggih menika *suntingan* ingkang dipuntindakaken kanthi boten ngewahi menapa kemawon utawi *suntingan* ingkang menapa wontenipun. *Suntingan* menika dipuntindakaken supados pamaos saged mangretos *teks* saking naskah sumber tanpa wontenipun ewahan sekedhik kemawon (Darusuprpta lumantar Hartanto & Nurhayati, 2018:17). Ancasipun *suntingan teks* diplomatik inggih menika kangge njagi *keaslian teks*, bilih tiyang ingkang nyunting badhe ngleresaken *teks* kedah ndamel catetan.

Wondene, *suntingan teks standar* inggih menika *suntingan* naskah kanthi ngleresaken bab-bab ingkang lepat saha seratan ingkang boten tetep (*konsisten*) (Darusuprpta lumantar Hartanto & Nurhayati, 2018:17). Asil saking *suntingan* naskah menika saking asil *transliterasi* ingkang leres saha sae satemah saged mawi ewahan ingkang adhedhasar pranatan saha pathokan ingkang weca.

b) Aparat Kritik

Aparat kritik inggih menika tanggel jawabipun saking *kritik teks* salebeting nindakaken *suntingan teks* utawi nedahaken *teks* ingkang sampun leres, boten wonten ingkang *korup* (Mulyani lumantar Hartanto & Nurhayati, 2018:18). *Aparat kritik* saged dipunserat kanthi kalih cara, inggih menika ing ngandhap *teks* minangka *catatan kaki*, utawi dipunserat ing wingking *suntingan teks* minangka catetan kaca. *Aparat kritik* dipunsebat ugi catetan *teks* ingkang dipun-*alihaksara*-aken (Saputro, 2008: 100). Ancas nindakaken *kritik teks*, inggih menika kangge manggihaken *teks* ingkang asli, *teks autentik*, ingkang dipunserat kaliyan panyerat

asli satemah saged pikantuk *autografi* (Mulyani, lumantar Hartanto & Nurhayati, 2018:18).

6) Parafrase Teks

Parafrase inggih menika ngewahi dhapukan sekar dados gancaran. Bab menika dipuntindakaken supados nggampilaken anggenipun ndamel *terjemahan*. Anggitan ingkang dipunwahyakaken kanthi dhapukan sekar menika mujudaken *ekspresi tidak langsung* (Mulyani lumantar Hartanto & Nurhayati, 2018: 19).

Panaliten menika boten nindakaken *parafrase teks* amargi dhapukanipun *teks* arupi gancaran. Gancaran wonten ing *naskah Dhedhasaraning Wewatekanipun Manungsa* menika sampun gamblang anggenipun ngandharaken, basa ingkang dipunginakaken ugi boten basa rinengga.

7) Terjemahan Teks

Tegesipun tembung *terjemahan* (Mulyani, 2012: 21) inggih menika ngewahi basa saking basaning *teks* utawi basa *sumber*-ipun dhateng basa *sasaran*-ipun utawi basa ingkang dipunpilih kajumbuhaken kaliyan ancasipun. Tuladhanipun, basaning *teks* ngginakaken basa Jawi lajeng dipun-*terjemah*-aken dados basa Indonesia, manawi mila ancasipun kangge pamaos ing saindenging Indonesia (tebanipun *nasional*).

Terjemahan inggih menika rantaman ingkang pungkasan saking panaliten *filologi*. *Terjemahan* inggih menika nggantos basa, saking basa satunggal dados basa sanesipun, utawi nggantos teges saking satunggaling *teks* saking basa ingkang dipunginakaken ing *teks* dados basa ingkang dipunkersakaken (Darusuprpta, Hartanto & Nurhayati, 2018: 19). Ancasipun supados *teks* gampil

dipunmangretosi masarakat ingkang boten mangretos basa ingkang dipunserat ing *naskah*.

Adhedhasar andharan ing nginggil saged kapundhut dudutan bilih *terjemahan* inggih menika satunggaling urutanipun panaliten *filologi* ingkang wigatos dipuntindakaken supados masarakat ingkang basanipun dados *sasaran terjemahan* menika mangretosi isinipun *naskah*. Ananging *naskah* menika ngginakaken basa Jawi enggal, sami kaliyan basa ing panaliten menika, pramila *teks* DWM menika boten dipun-*terjemahaken*.

B. Analisis isi

Analisis isi miturut Krippendorff (1993: 15) inggih menika satunggaling teknik panaliten kangge ndamel *inferensi-inferensi* ingkang saged dipuntiru saha sahih *data* kanthi mratelakaken *konteks*-ipun. *Analisis* menika gadhah ancas paring seserepan, mbika wawasan enggal, saha nedahaken *fakta*. Pangretosan sanes *analisis isi* inggih menika panaliten kangge ndamel *inferensi-inferensi* kanthi cara ngidentifikasi kanthi sistematis saha obyektif *karakteristik-karakteristik khusus* salebeting *teks* (Stone, et. al., lumantar Krippendorff, 1993: 19). *Konsep* dhasar *analisis isi* inggih menika:

1. *Data* ingkang dipunpikantuk *analisis*;
2. *Konteks data*;
3. Kados pundi seserepan *analisis* kangge matesi kawontenanipun;
4. *Ancas analisis isi*;
5. *Inferensi* minangka *tugas intelektual* ingkang dhasar;

6. *Kesahihan* minangka *kriteria* ingkang pungkasan saking kasil botenipun panaliten.

Konsep dhasar (*kerangka kerja*) dipunginakaken supados tigang ancas panaliten saged kagayuh, inggih menika: *prespektif*, *analitis*, saha *metodologis*. Salebeting nindakaken *analisis isi*, minat saha seserepanipun *analisis* anggenipun nemtokaken *konstruksi konteks* kangge narik *inferensi*. Pramila *analisis isi* prelu mangretosi asal-usul *data* saha ndhudhah pamanggihipun babagan kados pundi *data* saha kawontenan sakupengipun. *Analisis isi* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih *analisis isi* semantik. *Analisis isi* semantik inggih menika nganalisis kanthi ndudhah tandha miturut maksudipun (Krippendorff, 1993: 36).

Stone saha Dunphy (salebeting Krippendorff, 1993: 37) ngandharaken *analisis isi* salebeting *ranah empiris*, inggih menika:

1. *Psikiatry*;
2. *Psikologi*;
3. *Sujarah*;
4. *Antropologi*;
5. *Pendhidhikan*;
6. *Philologi*, saha *analisis literer*;
7. *Linguistik*;

Krippendorff (1993: 69) ngandharaken bilih *komponen* utawi cak-cakanipun proses *analisis isi* inggih menika:

1. Pembentukipun *data*

- a. *Unitisasi* inggih menika bab ingkang dados kawigatosan kedah dipunpantha salebeting *unit-unit analisis* tartamtu.
- b. *Sampling* inggih menika mendhet saperangan alit saking kathah *unit*.
- c. Nyathet inggih menika *data* kedah dipunkode saha dipunjlentrehaken ing bentuk ingkang saged dipun-*analisis* kanthi metodhe nyathet.

2. *Reduksi data*


Reduksi data kalampahan nalika nganalisis *data*. Wosipun *reduksi data* inggih kangge ndadosaken bentuk *data* ingkang wonten dados bentuk *data* ingkang dipunbetahaken ing *teknik analitis*. *Reduksi data* saged gadhah sipat statistik, aljabar, utawi pamanggih bab menapa boten ngginakaken *data* ingkang dipunpilah (Krippendorfff, 1993: 71-74).

3. *Damel inferensi*

Damel inferensi menika bageyan saking *analisis isi* ingkang ngandharaken *data* sacara gamblang. Seserepan ingkang dipungadhahi panaliti dipunbetahaken sanget. Bab menika kadospundi caranipun *data* dipungayutaken kaliyan *konteks* saha seserepan menika dipunkiyataken kanthi kasilipun *inferensial* (Krippendorfff, 1993: 74).

4. *Analisis*

Analisis gegayutan kaliyan *proses* ingkang langkung lebet salebeting *identifikasi* saha *representasi pola*. Bab menika saged dipunjlentrehaken sacara statistik utawi dipunmahyakaken sacara *deskriptif* minangka asil *analisis isi* (Krippendorfff, 1993: 74).



Gambar 2.1 Cak-Cakanipun Analisis Isi

C. Kapribaden saha Karakter

Tembung kapribaden asalipun saking tembung *personality* (Basa Inggris) ingkang asalipun saking Basa Latin *persona* ingkang gadhah teges *kedok* utawi topeng. Ingkang dipunmaksud inggih menika tutup kangge pasuryan ingkang asring dipunginakaken paraga ingkang saged nggambaraken tindak tanduk, watek, saha kapribaden satunggaling tiyang. Bab menika dipuntindakaken amargi wonten titikan ingkang *khas* dipungadhahi dening satunggaling tiyang ingkang sae

menapa dene tiyang ingkang boten sae. Tuladhanipun kangge nggambaraken tiyang ingkang angkara murka, srakah, saha tumindak awon sanesipun ngginakaken topeng awujud reseksa, wondene kangge nggambaraken tiyang ingkang gadhah bebuden luhur, remen paring pitulungan menika ngginakaken topeng awujud satriya (Sujanto, 2008: 10).

Kapribaden miturut Allport (salebeting Djaali, 2007: 2) inggih menika satunggaling bab ingkang *dinamis* saking *sitem psikofisik* ing salebeting manungsa ingkang saged nemtokaken sesrawunganipun ing kawontenan sakupengipun. Para psikolog gadhah pamanggih bilih kapribaden saben manungsa menika beda antawis satunggal tiyang kaliyan tiyang sanesipun. Pramila, siswa utawi siswa menika ugi gadhah kapribaden ingkang beda-beda satemah kedah gadhah panggulawenthah ingkang beda ugi jumbuh kaliyan kapribadenipun. Ing pawiyatan, boten sekedhik guru ingkang boten mangretos kapribaden siswanipun. Guru namung paring pasinaon tanpa migatosaken pangrembakanipun siswa (Hamdani, Ulfah, & Syahrudin: 2015: 2).

Tembung ingkang asring dipunsebat sesambetan kaliyan kapribaden inggih menika *karakter*, salebeting kamus Inggris-Indonesia ingkang kaanggit dening John M. Echols saha Hassan Shadily (salebeting Naim, 2012: 51) tembung *karakter* gadhah pinten-pinten teges, inggih menika (1) watek, *karakter*, sipat. Tuladhanipun “watekipun sae”; (2) peran. Teges menika dipunginakaken ing sandiwara, film, saha sajinisipun; (3) *huruf* utawi aksara. Tuladhanipun *sebuah artikel terdiri sekitar 4.000 karakter*. Saking tigang teges menika ingkang dipunmaksud ing panaliten inggih menika bab watak saha sipat.

Doni ningali *karakter* minangka kalih bab, ingkang kaping setunggal, minangka kempalan saking kawontenan ingkang dipunparingi utawi sampun wonten mekaten kemawon, ingkang kirang langkung dipunpeksa wonten ing salebeting dhiri kita. *Karakter* ingkang kados mekaten dipunanggep minangka satunggaling bab ingkang sampun dados takdir saking Gusti (*given*). Kaping kalih, *karakter* ugi saged dipuntegesi minangka tingkat kakiyatan kados pundi satunggaling manungsa saged nguwaosi satunggaling kondisi. *Karakter* ingkang kados mekaten menika dipunsebat minangka proses ingkang dipunsengaja (*willed*) (salebeting Naim, 2012: 52).

Karakter inggih menika watek, *tabiat*, *akhlak*, utawi kapribadenipun satunggaling tiyang ingkang kabentuk saking asil *internalisasi* saking kathah bab, ingkang dipunpitadosi saha dipunginakaken minangka landhesan kangge cara pandhang, menggalih, nyikapi, saha tumindak (Kemendiknas salebeting Wibowo, 2013: 13). *Karakter* inggih menika tumindak ingkang *khas* saha sae ingkang dipungadhahi dening satunggaling tiyang utawi masarakat minangka wujud saking asil olah budi adhedhasar *nilai-nilai* ingkang dipungadhahi saha dipuntrepaken ing panggesangan saben dinten (Suhari, 2017: 191). Saking andharan pinten-pinten ahli ing nginggil menika saged kapendhet dudutan bilih *karakter* inggih menika watek ingkang dipungadhahi satunggaling tiyang ingkang sampun wonten ing dhirinipun saha minangka dhasaran kangge tumindak.

Tembung kapribaden saha watek asring dipunginakaken minangka sesuluh. Bedanipun kapribaden kaliyan watek inggih menika bilih kapribaden menika saged ngrembaka saha ewah dipunaribawani kathah bab ing sakupengipun,

sanajan ewahipun menika susah. Wondene Allport ngandharaken, bilih biasanipun *karakter* gadhah sipat ingkang sampun temtu, sampun rumaket ing dhiri satunggaling tiyang (Sujanto, 2008: 94-95).

Allport ngandharaken bilih “*character is personality evaluated, and personality is character devaluated*” (Sujanto, 2008: 95). Andharan menika njlentrehaken bilih *karakter* menika bab tindak-tanduk satunggaling tiyang ingkang saged dipunbiji, sae menapa awon, biasanipun sesambetan kaliyan *nilai moral* ingkang wonten ing panggesangan saben dinten. Tumindak menika dipuntindakaken kanthi lumintir. Wondene kapribaden menika saperangan *karakteristik* sipat ingkang tuwuh salebeting tumindak tanpa wonten *penilaian moral*. Tuladhanipun tiyang ingkang gadhah kapribaden remen srawung ingkang biasanipun langkung grapyak nalika tetepungan utawi wicantenan, tiyang sanes lajeng gadhah pambiji bilih tiyang menika gadhah *karakter* ingkang sae manahipun. Saking mapinten-pinten dhasar seserepan menika, bab kapribaden kaliyan wewatekan menika sejatosipun ngrembag bab ingkang sami inggih menika bab watek saha tindak-tandukipun tiyang.

Wonten ing *naskah* DWM, panyerat (H. R. M. Suyud) ngginakaken tembung wewatekan, ananging ing gegaran *teori* ingkang dipunginakaken panyerat (Muhadi) ngginakaken tembung kapribaden. Kamangka kalih naskah menika ngrembag bab ingkang memper. Bab menika ugi dipunandharaken Allport (lumantar Gazhali, 2016: 63) bilih watek (*karakter*) saha kapribaden menika inggih satunggal saha sami, ananging dipuntingali saking bab ingkang beda. Bilih kita ningali tumindak utawi tindak tanduk satunggaling tiyang saking *norma*,

pramila menika dipunsebat watek. Ananging, bilih kita ningali saking kados pundi tiyang menika kanthi blaka boten mbiji adhedhasar *norma*, pramila dipunsebat kapribaden.

Data ingkang dipunginakaken menika arupi naskah Jawi ingkang dipunserat ing warsa 1919, pramila prelu dipunmangretosi kados pundi kapribaden tiyang Jawi ing mangsa menika. *Nilai* kabudayan ing panggesangan masarakat mrabawani solah tingkah masarakatipun. Sistem *nilai* budaya minangka bab ingkang langkung inggil saking adat istiadat. *Nilai* budaya menika minangka gambaran ngengingi menapa ingkang dipunanggep gadhah *nilai*, gadhah aji, saha wigatos salebeting gesang, satemah saged dados pandom ingkang gadhah angka kangge panggesangan masarakatipun. *Nilai-nilai* budaya menika inggih *norma* agami, *nilai-nilai* gesang, tata krama, susila saha adat (Susanto, Indarini, Soekardji, Marianno & Mustafa, 1993: 36-37). Dene Mulder (1986: 3) ngandharaken bilih cepengan gesang menika minangka satunggaling *abstraksi* saking tumindak ing panggesangan ingkang sampun kalampahan, cepengan menika kabentuk saking satunggaling cara pikir saha ngraosaken bab *nilai*, sesrawungan, tumindak, prastawa-prastawa saha sanesipun. Cepengan gesang menika ingkang saged nemtokaken satunggaling sipat saha tumindak satunggaling tiyang.

Panggesangan ing masarakat Jawi sampun katetepaken pranatan dening masarakatipun, antawisipun inggih ingkang mranata sesrawungan ing masarakat Jawi (tatakrama), bab ibadat kaliyan Gusti, saha bab-bab ingkang sesambetan kaliyan moril inggih menika sipat narima, sabar, waspada-eling, andap asor, saha

prasaja (Mulder, 1986: 12). Lumantar pangretosan saha kadadosan ingkang sampun kalampahan, manungsa saged gadhah pepadhang ingkang sejatos. Bab menika saged dipunsinau saha dados cepengan gesang manungsa. Dados masarakat Jawi menika pitados bilih tumindak leres ing panggesangan wonten ing akal budi manungsa ingkang saged dipunpanggihaken ing ajaran agami ugi lelampahan gesang (Mulder, 1986: 31). Tiyang Jawi boten saged uwal saking masarakatipun, masarakat menika mranata sedaya panggesangan masarakatipun. Sesrawungan saha kuwajiban ingkang adhedhasar moral menika saged njagi larasipun panggesangan masarakat (Mulder, 1986: 37).

Masarakat Jawi mangretos bilih gesang menika boten saged uwal saking srawung. Budaya Jawi ingkang taksih dipuntindakan ing sesrawungan masarakat inggih menika tulung tinulung, musawarat, gotong-royong (Mulder, 1986: 37). Ananging kadhang kawis wonten saperangan bab ingkang nuwuhaken pangretosan ingkang lepat. Tuladhanipun ngormati tiyang sanes, lajeng dipuntegesi bilih piyambakipun langkung awon tinimbang ingkang dipunhormati, utawi tiyang sanes saged dugi-dugi bilih tiyang ingkang hurmat wau gadhah pepenginan linangkung dhateng tiyang ingkang dipunhormati (Endraswara, 2016: 231). Bab menika saged ndadosaken satunggaling tiyang nalika sesrawungan kaliyan tiyang sanes utawi tiyang manca lajeng radi susah anggenipun *adaptasi*. Kapribaden ingkang sae menika saged ndadosaken tiyang sesrawungan kanthi sae sanajan boten wonten ing masarakatipun piyambak satemah saged langkung raket kaliyan tiyang sanes utawi tiyang manca satemah saged gampil dipuntampi ing kawontenan ingkang enggal (Halim, Abu Bakar, & Mohamad, 2014: 127).

Salebeting sastra saha seni Jawi, kathah bab ingkang saged dipundadosaken cepengan gesang. Wos ingkang ngewrat cara mikir ingkang *positif* menika dipundamel minangka pamikiran saking tiyang Jawi ing mangsa rumiyin. Tiyang Jawi gadhah pamikiran ingkang *positif*, endah, sae ingkang dipunsebat ‘memayu hayuning bawana’ ing *konsep* kejawen (Endraswara, 2016: 236-237). Kathah tiyang Jawi ingkang nindakaken kathah cara kangge saged memayu hayuning bawana. Upaya tiyang Jawi Tembung memayu hayuning bawana menika gadhah teges ingkang ngewrat *spiritual*. Tembung bawana gadhah teges jagad saisinipun, boten namung ingkang katingal dening soca kemawon ananging ugi saking batos. Upaya tiyang Jawi menika supados saged njagi, ndadosaken endah, saha nyugengaken donya menika tuwuh lumantar tumindak ing panggesanganipun. Tumindak menika nuwuhaken budi pakerti, kanthi sangu budi pakerti ingkang sae saged mujudaken tiyang Jawi ingkang saged nggayuh gegayuhan utawi ancas gesang ingkang hayu (slamet lair saha batinipun) (Endraswara, 2013: 16).

Kapribaden satunggaling tiyang boten namung saged dipunprabawani dening kawontenan ing kulawarga, ananging ugi saking pawiyatan ingkang saged nuwuhaken ngrembakanipun *intelengensi, kognitif, afektif, saha psikomotorik* James lumantar Ghazali (2016: 9). Tuladhanipun, kenging menapa siswa asring susah anggenipun srawung saha boten remen anggenipun sinau? Pramila, guru kedah mangretos bab menika saha ngupaya kangge saged paring pitulungan dhateng menapa ingkang dados prakawis jiwa siswa. Panggulawenthah kapribaden saged gampil dipuntindakaken bilih salebeting pasinaon guru

ngginakaken raos *simpati* dhateng siswa. Awit saking menika, guru prelu gadhah kaprigelan kangge ndhidhik saha srawung kaliyan siswa (Ghazali, 2016: 10).

Sipat saha tindak tanduk guru saged mrabawani kapribaden siswa, lumantar tumindak anggenipun mucal, *disiplin* anggenipun netepi pranatan pawiyatan, saha kados pundi sikap guru dhateng siswa. Sedaya menika saged dados upaya mbiyantu siswa anggenipun ngrembakakaken kapripegalan siswa dados langkung sae. Pramila ing ngandhap menika kababar bab kapribaden saha cara guru anggenipun nggulawenthah siswa ingkang trep kaliyan kapribadenipun (Yusuf, 2007: 32).

Kapribaden manungsa menika wonten maneka warni, kapribaden dipunpantha dados sekawan jinis inggih menika *sanguinis*, *koleris*, *melankolis*, saha *plegmatis* (Muhadi, 2016, 81). Sekawan kapribaden menika kajlentrehaken ing ngandhap menika:

1. *Sanguinis*

Kapribaden *sanguinis* dipuntedahaken dening tiyang ingkang gadhah sipat kathah micara bab menapa kemawon, gampil srawung, saha nguwaosi pacelathon. Tiyang kasebat gadhah pepenginan saged minunggul ugi *mendominasi* pacelathon (Pradiansyah, 2008: 293). Titikan sanes saking tiyang *sanguinis* inggih menika gadhah *optimisme* ingkang inggil, remen gegujengan, gadhah *emosi* ingkang boten tetep, saha remen pados kawigatosanipun tiyang sanes.

Siswa *sanguinis* menika ugi gadhah kakirangan inggih menika *moody* utawi dipunmrabawani dening swasana manahipun siswa. Kadhang kala enggal seneng, lajeng saged dumadakan muwun (Muhadi, 2016: 83). Ing ngandhap

menika badhe kaandharaken bab ugi kakiranganipun tiyang ingkang gadhah kapribaden *sanguinis*.

a. Saenipun Siswa ingkang Kapribadenipun *Sanguinis*

1) Saged cariyos bab menapa kemawon

Siswa *sanguinis* menika remen wicanten menapa malih cariyos, menapa kemawon saged dados bab kangge wicanten sanajan menika bab ingkang boten wigatos (Muhadi, 2016: 137). Jumbuh kaliyan pamanggihipun Littauer (2011: 42-43) bilih titikan ingkang langkung gampang dipunpanggihaken ing siswa *sanguinis* menika inggih tiyangipun crewet, kathah wicantenipun, saha remen cariyos. Siswa menika anggenipun wicanten ugi wasis, luwes, memper anggenipun nirokaken satemah kathah tiyang ingkang remen mirengaken.

2) *Optimis*, remen gegujengan saha cariyos, gampang remen dhateng tiyang sanes

Siswa *sanguinis* menika *optimis* saha greget dhumateng sedaya bab (Littauer, 2011: 50). Nalika dipunparingi satunggaling bab kangge dipunwicantenaken, bab menika saged dados gujengan, wanci tiyang *sanguinis* menika gadhah sipat ingkang remen gujengan satemah saged nyigrakaken swasana (Littauer, 2011: 45). Siswa *sanguinis* saged gampang remen dhateng tiyang sanes amargi biasanipun siswa menika purun miwiti micara dhateng sinten kemawon ingkang dipunpanggihi (Littauer, 2011: 59). Titikan sanes saking tiyang *sanguinis* inggih menika gadhah *optimisme* ingkang inggil, remen gegujengan, gadhah *emosi* ingkang boten tetep, saha remen pados kawigatosanipun tiyang sanes (Muhadi, 2016: 83).

3) Preduli dhateng kawontenan sakupengipun saha saged paring panglipur

Littauer (2011: 61) ngandharaken bilih tiyang *sanguinis* menika wantun nyuwun priksa menapa ingkang kadadosan dhateng tiyang ingkang dereng dipuntepang amargi katingal sedhah utawi gadhah prakawis, piyambakipun nyuwun priksa supados tiyang menika boten sedhah malih utawi paring pamanggih kangge ngrampungaken prakawis. Bab menika nedahaken bilih tiyang *sanguinis* menika preduli sanget dhateng tiyang sanes utawi kawontenan sakupengipun. Tiyang *sanguinis* menika ugi gadhah sipat ingkang saged paring panglipur amargi tiyang menika remen cariyos menapa dene gegujengan pramila kathah tiyang ingkang remen dhateng piyambakipun amargi saged dados panglipur. dipunandharaken Littauer (2011: 50) tiyang *sanguinis* menika *antusias* dhateng menapa kemawon.

4) Gampil *adaptasi*

Siswa *sanguinis* ingkang kathah wicanten menika inggih gampil anggenipun *adaptasi*. Amargi siswa menika tansah gadhah raos kepingin mangretos saha boten purun katilar bab menapa kemawon, pramila nuwuhaken kathah kagiyatan saha pepenginan kangge kepingin ngretos (Littauer, 2011: 52). Titikanipun siswa *sanguinis* menika inggih piyambakipun kersa miwiti pacelathon kaliyan tiyang sanes satemah saged nuwuhaken raos kekancan ingkang raket (Littauer, 2011: 59-60).

5) Gadhah manah ingkang tulus

Siswa *sanguinis* menika gadhah manah ingkang tulus, amargi wanci dhasaripun gadhah sipat ingkang welasan dhateng sanes. Muhadi

ngandharaken bilih siswa *sanguinis* gampil kekancan saha migatosaken bingahing tiyang sanes utawi dipunsebat *people-oriented* (2016: 82). Wondene Littauer ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika tansah gadhah sedya kangge saged paring pitulungan dhateng sanes, piyambakipun tansah lila saha boten mikir akibatipun anggen nindakaken pitulungan (2011: 54).

6) Remen dhateng bab ingkang sipatipun dumadakan

Titikanipun siswa *sanguinis* menika salah satunggalipun inggih remen kagiyatan ingkang dumadakan (Littauer, 2010: 33). Bab menika sesambetan kaliyan sipatipun siswa *sanguinis* ingkang *kreatif* saha *inovatif*. Pamikiranipun siswa *sanguinis* menika tansah gadhah pamikiran-pamikiran ingkang enggal saha saben dinten nuwuhaken kagiyatan-kagiyatan ingkang enggal saha *kreatif* (Littauer, 2010: 55).

7) Gampil paring pangapunten saha boten dendam

Sipat ingkang gampil paring pangapunten saha boten dendam menika amargi siswa *sanguinis* tansah remen kekancan. Siswa menika ugi remen kaliyan tumindak ingkang nedahaken bilih piyambakipun menika tansah kebak welas asih. Kadosta remen nyikep kanthi kebak raos asih (Littauer lumantar Ghazali, 2016: 201).

8) Limrahipun dados tiyang ingkang misuwur

Siswa bingahan menika wanci wasis anggenipun nindakaken bab ingkang bingah-bingah. Jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken Muhadi (2016: 82) bilih siswa *sanguinis* menika dados kawigatosan dening tiyang ing sakupengipun, saha remen bingah-bingah. Siswa *sanguinis* ugi minangka siswa

ingkang *populer*, remen dipunwigatosaken kaliyan tiyang sanes. Pramila siswa menika biasanipun dados siswa ingkang pinunjul amargi remen nindakaken kagiyatan, siswa bingahan pinter anggenipun nembang, nggambar, cariyos, saha nyerat.

9) Remen kempal manunggal saha gineman

Siswa *sanguinis* gadhah pribadi ingkang remen surak-surak, remen bab ingkang bingah-bingah, kathah tumindakipun, saha grapyak. Piyambakipun remen pados kawigatosan, katresnan, saha panyengkuyung saking tiyang sanes. Siswa *sanguinis* menika grapyak, remen cariyos, saha remen wicanten kaliyan sinten kemawon (Muhadi, 2016: 106-107).

10) Sacara *fisik* saged nguwaosi pamirengipun, *emosional*, saha *demonstratif*

Littauer ngandharaken bilih tiyang *sanguinis* menika kebak raos kepengen mangretos saha boten purun katilaran bab menapa kemawon. Pramila bilih wonten swanten sakedhik kemawon tansah pasang talingan kangge mirengaken (2011: 52). Wondene tembung *emosional* menika asalipun saking tembung *emosi* ingkang gadhah teges saben pamanggih utawi pikiran *khas* minangka kawontenan *biologis* saha *psikologis*, saha wonten krenteg kangge tumindak (Goleman, 2007: 411). Tembung *demonstratif* asalipun saking basa Latin ingkang gadhah teges *isyarat*, sipat, gamblang, saha katingal (Wijaya, 2009: 86).

11) Greget anggenipun nindakaken satunggaling bab saha *ekspresif*

Littauer (2011: 50) bilih tiyang *sanguinis* menika *antusias* dhateng menapa kemawon. Siswa bingahan menika tansah greget anggenipun cariyos,

saking greget menika siswa bingahan ugi *ekspresif* anggenipun cariyos. Tembung *ekspresif* menika asalipun saking basa Inggris inggih menika tembung *express* ingkang gadhah teges mahyakaken utawi ngandharaken satunggaling bab. Wondene tembung *expressive* menika minangka tembung sipat utawi kahanan. Bilih tembung *ekspresif* menika dipunginakaken kanthi jejer satunggaling tiyang, bab menika gadhah teges tiyang ingkang gadhah sipat utawi kaprigelan kangge mahyakaken utawi ngandharaken satunggaling bab (Yusmansyah, 2008: 77). Wondene Muhadi (2016: 83) ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika kathah micara, gampil srawung, grapyak, saha remen bingah-bingah. Awit saking menika pethikan ing nginggil menika nedahaken siswa bingahan ingkang tansah greget saha *ekspresif*.

12) Gadhah raos kepengin mangretos

Muhadi ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika gadhah sipat ingkang gampil bingah saha gadhah raos kepengin mangretos (2016: 85). Bab menika dipunsengkuyung kaliyan andharanipun Littauer (2011: 52) bilih siswa *sanguinis* menika kebak raos kepengin ngretos. Tiyang menika boten purun katilaran bab menapa kemawon.

13) Gesang kathi nglarasaken pangrembakanipun jaman

Pangrembakanipun jaman menika wonten kathah bab ingkang mrabawani. Pangrembakaning jaman menika biasanipun dipunsebat *modernisasi*. Teges saking tembung *modernisasi* inggih menika satunggaling *proses* ewah saha ngrembakanipun pranata-pranata seserepan, *teknologi*, *ekonomi*, pasrawungan, *politik*, saha kabudayan (Hardiman, 2003: 76). *Unsur-*

unsur kabudayan salah satunggalipun inggih *sistem* piranti gesang saha *teknologi* (Koentjaraningrat lumantar Suwarno, Saddhono & Wardani, 2018: 196).

14) Gampil kekancan

Littauer (2011: 59) ngandharaken bilih boten wonten tiyang ingkang dipunanggep *asing* dening tiyang *sanguinis*. Malah kepara namung lumantar tembung sugeng enjang, sugeng siyang, sugeng ndalu utawi malah namung awujud pitakenan kaliyan tiyang sanes, tiyang *sanguinis* saged dados kanca. Bab menika jumbuh kaliyan andharanipun Muhadi (2016: 85) bilih saenipun siswa *sanguinis* menika inggih gampil kekancan saha remen dhateng tiyang sanes.

15) Remen dipunalem saha kepengin dipunwigatosaken

Salah satunggaling sipat siswa *sanguinis* menika remen dipunalem saha kepengin dipunwigatosaken. Siswa menika tansah kepengin katon pinunjul kadosta kepengin ingkang nyepeng satunggaling pakempalan utawi pacelathon (Pradiansyah, 2010: 293). Piyambakipun tansah kepengin dipunwigatosaken saha dipuntresnani tiyang sanes satemah remen pados kagiyatan ingkang saged nuwuhaken kawigatosan dhateng piyambakipun (Muhadi, 2016: 83).

16) Ngremenaken saha gampil dipunmereni tiyang sanes

Littauer ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika gampil dipunmereni tiyang sanes (Littauer, 2011: 33). Bab menika amargi siswa *sanguinis* gadhah kaprigelan anggenipun wicanten saha sesrawungan kanthi sae kaliyan sinten kemawon. Muhadi (2016: 85) ugi ngandharaken bilih siswa

sanguinis menika gadhah sipat ingkang ngremenaken saha gampil dipunmereni tiyang sanes.

17) Saged uwal saking bab-bab ingkang bosenaken

Siswa *sanguinis* menika gadhah sipat ingkang gampil kaprabawan dening swasana (*moody*) (Muhadi, 2016: 83). Pramila nalika siswa menika bosen lajeng gadhah cara supados saged uwal saking bosenipun menika. Bab menika dipunsengkuyung dening Littauer (salebeting Ghazali, 2016: 201) bilih siswa *sanguinis* menika gadhah pamikirann ingkang enggal satemah nuwuhaken kagiyatan ingkang *kreatif*.

b. Kakiranganipun Siswa ingkang Kapribadenipun *Sanguinis*

1) Sedayanipun boten karantam

Siswa *sanguinis* menika boten saged ngrantam satunggaling bab kanthi sae ugi boten saged nindakaken bab ingkang sampun karantam. Nalika sampun wonten rantaman saha dipunsuwuni priksa kapan anggenipun badhe nindakaken tumindak saking rantaman menika, siswa *sanguinis* tansah endha saha mangsuli bilih boten wiwit samenika ananging benjang bilih sampun siyaga. Menapa malih dhateng bab ingkang boten dipunremeni, inggih boten badhe wonen greget anggenipun nindakaken (Littauer, 2011: 145).

2) Boten saged ngemut-emut satunggaling rantaman utawi nama

Salah satunggaling kakiranganipun siswa *sanguinis* inggih boten saged ngemut-emut satunggaling rantaman utawi nama (Muhadi, 2016: 85). Jumbuh kaliyan andharan bilih tiyang *sanguinis* menika boten saged ngemut-emut satunggaling bab amargi piyambakipun boten mirengaken kanthi temen saha

kirang preduli dhateng tiyang sanes. Pramila, siswa *sanguinis* menika kedah saged nggulawenthah dhirinipun kangge ngemut-emut satunggaling bab, paling boten ngemut-emut asmanipun tiyang sanes (Littauer, 2011: 156-159).

3) Boten saged temen anggenipun nindakaken satunggaling bab

Siswa *sanguinis* ingkang gampil kaprabawan kaliyan swasana manahipun (*moody*) (Muhadi, 2016: 83) menika tamtu kemawon ugi mrabawani nalika piyambakipun nindakaken satunggaling kagiyatan. Wondene Littauer ugi ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika asring boten wonten kalajenganipun anggen tumindak malih nalika sampun tumindak sakedhik utawi sampun ngrantam satunggaling bab (Littauer, 2011: 145).

4) Pitados dhateng tiyang kangge nindakaken pakaryan

Migatosaken dhiri pribadi dados salah satunggaling sipat saking siswa *sanguinis*. Piyambakipun namung remen dhateng kagiyatan ingkang sesambetan kaliyan pribadinipun. Pramila siswa menika remen dhateng dhiri pribadi saha boten saged ningali prelunipun tiyang sanes. Siswa *sanguinis* tansah endha saking bab-bab ingkang *negatif*, pramila nalika wonten padamelan ingkang dados tanggel jawabipun kelompok, siswa menika tansah pitados dhateng tiyang sanes kangge nindakaken pakaryan menika (Littauer, 2011: 154-155).

5) Gampil dipunapusi saha tasih kados siswa alit

Siswa *sanguinis* menika tansah dados siswa alit salawasipun. Boten kepengin dados diwasa. Pramila siswa menika gampil dipunapusi amargi gadhah sipat ingkang lugu (Littauer, 2011: 49-53). Wondene Muhadi ugi

ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika gampil dipunapusi saha tasih kados siswa alit (2016: 85).

6) Gampil kesupen

Muhadi (2016: 85) ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika pikiranipun boten tetep saha gampil kesupen. Jumbuh kaliyan andharanipun Littauer bilih siswa *sanguinis* menika gampil kesupen amargi boten mirengaken saha boten preduli. Kalih sipat menika tuwuh saking raos ingkang migatosaken dhiri pribadi (2011: 156-157).

7) Crigis

Nalika wonten ing satunggaling pakempalan, siswa *sanguinis* kepengin dados ingkang dipunwigatosaken. Piyambakipun namung preduli dhateng dhiri pribadi, boten saged migatosaken sanes saha wicanten nglangkungi menapa ingkang dipunbetahaken ing satunggaling pakempalan (Littauer, 2011: 154). Bab menika ugi dipunandharken Muhadi, bilih siswa *sanguinis* menika kathah wicantenipun saha crigis (2016: 85).

8) Boten *disiplin*

Sipat siswa *sanguinis* ingkang tansah kepengin bingah-bingah kemawon saha remen cariyos menika ndadosaken siswa gadhah sipat ingkang boten *disiplin*. Sipat boten *disiplin* menika wanci salah satunggaling titikanipun siswa *sanguinis* (Muhadi, 2016: 82-85). Sejatosisipun siswa *sanguinis* menika saged dados tiyang ingkang pinunjul, ananging amargi asring nundha padamelan, sipat boten *disiplin* menika ndadosaken siswa menggak kamulyanipun piyambak (Littauer, 2011: 170-172).

9) Munggel pangandikanipun tiyang sanes saha neges-neges

Karakter wanci wigatos sanget ing panggesangan saben dinten. Salah satunggalipun inggih ngaosi tiyang sanes (Mustari, 2014: 129). Anggenipun ngaosi tiyang sanes ing satunggaling pakempalan inggih kanthi boten munggel pangandikanipun tiyang sanes napa malih mangsuli kangge tiyang sanes. Wondene Littauer (2011: 166) ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika asring munggel pangandikanipun sanes saha mangsuli kangge tiyang sanes. Bab menika amargi siswa *sanguinis* kathah wicantenipun saha boten saged kendel, pramila nalika wonten tiyang ngendika utawi paring pitakenan dhateng tiyang sanes, kanthi boten *sadar* siswa menika lajeng munggel pangandikanipun tiyang sanes saha mangsuli pitakenan ingkang sejatosipun kangge tiyang sanes.

10) Migatosaken dhiri pribadi

Migatosaken dhiri pribadi dados salah satunggaling sipat saking siswa *sanguinis*. Piyambakipun namung remen dhateng kagiyatan ingkang sesambetan kaliyan pribadinipun. Pramila siswa menika remen dhateng dhiri pribadi saha boten saged ningali prelunipun tiyang sanes (Littauer, 2011: 154).

11) Boten wicaksana anggenipun tumindak

Siswa *sanguinis* ngraos bilih dhirinipun boten nate lepat. Pramila kanthi raos ingkang makaten menika siswa dados boten saged wicaksana anggenipun tumindak. Piyambakipun ugi ngraos bilih gampil dipunremeni dhateng sanes, satemah menapa ingkang dipuntindakaken menika inggih boten badhe damel tiyang sanes duka utawi kuciwa, bilih tiyang sanes ngantos duka inggih gampil kemawon anggenipun ndadosaken remen malih dhateng piyambakipun.

Pamikiran ingkang kados makaten menika ingkang ndadosaken siswa *sanguinis* boten wicaksana anggenipun tumindak (Littauer, 2016: 146).

12) Gadhah sipat kesesa

Sipat kesesa menika saged nuwuhaken bab ingkang boten sae. Tembung kesesa menika tembung krama saking tembung kesusu ingkang gadhah teges rerikatan anggenipun tumandang lan sapanunggilanipun (Poerwadarminta, 1939: 216). Bab ingkang katindakaken kanthi rerikatan menika asring boten kamanah utawi dipunpikiraken rumiyin satemah ndadosaken asil ingkang boten *maksimal* utawi swasana ingkang dados boten tentrem.

13) Swanten saha gumujengipun seru

Littauer (2011: 42) mahyakaken bilih tiyang *sanguinis* menika saged katitik bilih nalika wonten ing pakempalan saha manggihaken tiyang ingkang wicanten langkung seru tinimbang tiyang sanesipun, piyambakipun inggih tiyang *sanguinis*. Pramila pethikan menika jumbuh kaliyan andharanipun Muhadi (2016: 85) bilih siswa *sanguinis* menika gadhah swanten saha gumujeng ingkang langkung seru tinimbang sanesipun.

14) Ngageng-ngagengaken satunggaling bab utawi kadadosan

Siswa *sanguinis* menika gadhah sipat asring ngageng-ngagengaken satunggaling bab utawi kadadosan (Muhadi, 2016: 86). Tiyang menika asring ngageng-ngagengaken cariyos ingkang dados dora. Bab menika biasanipun dipuntindakaken kangge ndadosaken tiyang sanes ngalem piyambakipun (Littauer, 2011: 152).

15) Boten saged kendel

Salah satunggaling kakiranganipun siswa *sanguinis* inggih menika boten saged kendel (Muhadi, 2016: 86). Wondene Littauer (2011: 44-45) ugi ngandharaken bilih tiyang *sanguinis* ingkang cariyos bab menapa kemawon amargi ing pikiranipun inggih piyambakipun bakal dipunalem dening tiyang sanes, kamangka malah piyambakipun kawon awit ingkang dipuncariyosaken menika boten wigatos saha nedahaken awonipun piyambak.

16) Gampil kaprabawan dening kawontenan saha tiyang sanes

Siswa *sanguinis* gadhah kakirangan inggih menika *moody* utawi gampil kaprabawan dening swasana manah. Kadhang kala gampil bungah, lajeng dumadakan saged muwun, utawi sawangsulipun. Bab menika ndadosaken siswa *sanguinis* gadhah sipat ingkang gampil dipunprabawani kaliyan kawontenan saha tiyang sanes (Muhadi, 2016: 83-86).

17) Remen gineman dados kesupen kaliyan kawajibanipun

Muhadi ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika nalika ndamel pakaryan langkung remen wicanten saha nilar kuwajibanipun kangge ngrampungaken pakaryan wau. Bab menika amargi siswa menika kathah wicantenipun. Biasanipun anggenipun makarya namung greget ing wiwitan (2016: 86).

18) Gadhah sipat ingkang gampil ewah

Sipat ingkang gampil ewah menika inggih *mood* ingkang asring molah-malih. Muhadi (2016: 83) bilih siswa *sanguinis* gadhah kakirangan inggih

menika *moody* utawi gampil kaprabawan dening swasana manah. Kadhang kala gampil bungah, lajeng dumadakan saged muwun, utawi sawangsulipun.

19) Boten saged netepi wekdal

Siswa bingahan menika boten saged bentenaken bab ingkang wigatos menapa dene bab ingkang boten wigatos. Muhadi (2016: 83-86) ngandharaken bilih siswa bingahan menika kirang saged netepi wekdal, kesupen dhateng janjinipun, saha boten pinter damel rantaman. Siswa menika boten saged *memprioritaskan* kagiyatan ingkang saweg dipuntindakaken.

20) Boten saged bedakaken bab ingkang wigatos saha boten wigatos

Salebeting makarya langkung remen gineman dados kesupen kaliyan kawajibanipun. Muhadi ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika nalika ndamel pakaryan langkung remen wicanten saha nilar kuwajibanipun kangge ngrampungaken pakaryan wau. Biasanipun anggenipun makarya namung greget ing wiwitan. Bab menika nedahaken bilih siswa *sanguinis* boten saged bentenaken bab ingkang wigatos menapa dene bab ingkang boten wigatos (2016: 86).

21) Dados pinunjul ing satunggaling pacelathon saha boten saged mirengaken kanthi premati

Siswa *sanguinis* dipuntedahaken kanthi titikan ingkang gadhah sipat pinunjul anggenipun wicanten bab menapa kemawon. Saha saged nguwaosi satunggaling pacelathon (Muhadi, 2016: 82). Pramila ing andharanipun Littauer kaandharaken bilih tiyang *sanguinis* menika kedah saged meper wicantenipun ingkang kathah, amargi kanthi wicantenipun ingkang kekathahen

menika saged ndadosaken tiyang ingkang mirengaken ngraos bosen saha boten dipunwigatosaken ingkang dipunwicantenaken dening siswa *sanguinis* (2011: 147).

22) Asring cawe-cawe dhateng prakawisipun tiyang sanes

Littauer (2011: 166) ngandharaken bilih siswa *sanguinis* menika asring mungel pangandikanipun sanes saha mangsuli kangge tiyang sanes. Bab menika amargi siswa *sanguinis* kathah wicantenipun saha boten saged kendel, pramila nalika wonten tiyang ngendika utawi paring pitakenan dhateng tiyang sanes, kanthi boten *sadar* siswa menika lajeng mungel pangandikanipun tiyang sanes saha mangsuli pitakenan ingkang sejatosipun kangge tiyang sanes. Bab menika nedahaken bilih siswa *sanguinis* tansah asring cawe-cawe dhateng prakawisipun tiyang sanes (Muhadi, 2016: 86).

23) Asring ngambali cariyos ingkang sami

Siswa *sanguinis* asring ngambali cariyos ingkang sampun nate kacariyosaken ing tiyang ingkang sampun nate mireng (Muhadi, 2016: 86). Wondene Littauer ngandharaken bilih tiyang ingkang wicanten kaliyan siswa *sanguinis* menika kadhang kawis ngraos bosen (2011: 149). Pramila prayoginipun siswa menika boten asring ngambali cariyos ingkang sami.

24) Langkung remen blanjakaken arta tinimbang dipuncelengi

Siswa *sanguinis* menika gadhah anggenipun gesang kathi nglarasaken kaliyan pangrembakanipun jaman (Muhadi, 2016: 85). Ananging sipat menika ndadosaken sipat awon ugi inggih menika langkung remen blanjakaken arta tinimbang dipuncelengi (Muhadi, 2016: 86). Bab menika amargi kathah barang

ingkang dipunbetahaken kangge nglarasaken kaliyan pangrembakanipun jaman.

2. *Koleris*

Kapribaden *koleris* inggih menika tiyang ingkang gadhah jiwa pangarsa. Bab menika dipunsebabaken tiyang *koleris* gadhah pepenginan ingkang kiyat kangge nggayuh satunggaling bab, gadhah wibawa, saha gampil ngaken tiyang sanes. *Koleris* menika tiyang ingkang sengkud, *aktif, independen, trengginas, mandiri, saha praktis* (Kurniawan, 2013: 35). Tiyang *koleris* gadhah sipat teges, boten gampil kasoran dhateng tiyang sanes. Malah menawi badhe dipunatoraken, piyambakipun badhe tetep majeng.

Kakiranganipun saking tiyang *koleris* menika emosi ingkang mledhag-mledhag saha boten gampil preduli dhateng tiyang sanes. Piyambakipun boten gampil nguda rasa dhateng sesami, malah boten preduli dhateng kabetahan tiyang sanes. Sanadyan mekaten, kedah dipunakeni bilih tiyang *koleris* gadhah jiwa pangarsa ingkang kiyat. Ing ngandhap menika badhe dipunjlentrehaken saha kakiranganipun tiyang *koleris*.

a. Saenipun Siswa ingkang Kapribadenipun *Koleris*

1) Cocog dados pangarsa

Siswa *koleris* menika gadhah jiwa pangarsa. Bab menika amargi siswa *koleris* menika gadhah kajeng ingkang kiyat saha gadhah wibawa (Muhadi, 2016: 87). Wondene Littauer (2011: 100) ngandharaken bilih bilih siswa *koleris* menika wanci dipunlairaken kangge dados pangarsa, piyambakipun sampun nedahaken sipat-sipat pangarsa saking alit.

2) *Kreatif, trengginas, sengkud, mandiri, saha aktif*

Sipat sae ingkang dipungadhahi siswa *koleris* menika *kreatif, trengginas, sengkud, mandiri, saha aktif* (Muhadi, 2016: 89). Bab menika dipunsengkuyung kaliyan andharanipun Littauer bilih tiyang *koleris* minangka tiyang ingkang kiyat menika saged nindakaken bab menapa kemawon. Tiyang *koleris* gadhah kasagedan kangge saged dados pangarsa (2011: 107).

3) Tumindak kangge mujudaken gegayuhanipun saha pinter anggenipun ngrampungaken prakawis

Muhadi ngandharaken bilih (2016: 87-89) siswa *koleris* gadhah tekad ingkang kiyat kangge nggayuh satunggaling bab saha gadhah wibawa. Sasanesipun menika, siswa *koleris* gadhah sipat *goal oriented* inggih menika gadhah ancas ingkang gamblang saha kiyat. Wondene Littauer (2011: 109) ngandharaken bilih tiyang *koleris* langkung remen kangge mujudaken gegayuhanipun tinimbang ngremenaken manahipun tiyang sanes. Ing kawontenan ingkang dumadakan, tiyang *koleris* ugi gadhah kaprigelan kangge ngrampungaken prakawis dados bab ingkang enggal ingkang boten ngawonaken satunggaling kelompok utawi tiyang (Littauer, 2011: 117).

4) Boten ajrih ngadhepi menapa kemawon ingkang kadadosan

Sipat menika jumbuh kaliyan sipat ingkang cocog dados pangarsa. Bilih dados pangarsa menika inggih kedah wantun anggenipun ngadhepi kawontenan menapa kemawon. Siswa *koleris* boten gampil ngawon dhateng tiyang sanes. Bab menika malah asring dados panyengkuyung supados saged majeng (Muhadi, 2016: 88).

5) Boten patos mbetahaken pambiyantunipun tiyang sanes

Siswa *koleris* boten patos mbetahaken pambiyantunipun tiyang sanes amargi siswa *koleris* gadhah greget ingkang linangkung kangge dados langkung *dominan* tinimbang siswa sanes ing sakupengipun (Muhadi, 2016: 88). Wondene Littauer (2011: 115) ngandharaken bilih tiyang *koleris* menika boten patos mbetahaken kanca, amargi piyambakipun gadhah pamanggih bilih kanca saged nyandhet upaya piyambakipun kangge mujudaken gegayuhanipun.

6) Gadhah pamanggih bilih dinten menika kedah langkung sae tinimbang kala wingi

Tiyang *koleris* langkung remen dhateng nggayuh ancas satunggaling bab tinimbang mbingahaken tiyang sanes. Piyambakipun gadhah ancas ingkang kedah dipunwujudaken, biasanipun tiyang menika tansah ngupaya piyambakan supados saged nggayuh gegayuhanipun amargi tiyang menika boten saged pitados dhateng tiyang sanes (Littauer, 2011: 109). Jumbuh kaliyan andharanipun Muhadi bilih siswa *koleris* gadhah pamanggih bilih dinten menika kedah langkung sae tinimbang kala wingi (2016: 90). Bab menika amargi siswa *koleris* gadhah sedya ingkang kiyat kangge nggayuh ancas satunggaling bab (Kurniawan, 2013: 35).

7) Gadhah greget anggenipun nindakaken satunggaling bab

Muhadi (2016: 88) ngandharaken bilih siswa *koleris* menika remen anggenipun nindakaken satunggaling bab, kepara malah piyambakipun menika saged dipunsebat *workaholic*. Tembung *workaholic* menika ing basa Indonesia gadhah teges *gila kerja* ingkang ngewrat wos *positif* utawui sae, wondene

andharanipun inggih makarya kanthi mepeng supados saged langkung ngrembaka seserepanipun ing bab ingkang dipuntindakaken utawi dipunsinau (Sularto, 2011: 218).

8) Saged tumindak ingkang trep dhateng kawontenan ingkang dumadakan kadaden

Littauer ngandharaken bilih tiyang *koleris* menika remen dhateng kawontenan ingkang dumadakan kadaden. Bab menika amargi tiyang *koleris* saged dados tiyang ingkang ngrampungaken prakawis satemah saged dados kawigatosanipun tiyang kathah saha saged dipunutus dados pangarsa ing satunggaling pakempalan. (2011: 116-117). Bab menika ugi kaandharaken dening Muhadi bilih siswa *koleris* gadhah saged tumindak ingkang trep dhateng kawontenan ingkang dumadakan kadaden (2016: 90).

9) Langkung *fokus* dhateng ngasilaken satunggaling bab

Kasagedan tiyang *koleris* ingkang gadhah sedya kangge saged nggayuh ancas menika nglangkungi kapribaden sanesipun. Bilih wonten padamelan, tiyang menika tansah lajeng saged mantha-mantha padamelan kangge kelompok. Piyambakipun tansah paring padamelan dhateng sedaya tiyang ing kelompok, amargi gadhah pamanggih bilih langkung becik ngasilaken satunggaling bab tinimbang namung ningali kemawon (Littauer, 2011: 112). Bab menika jumbuh kaliyan andharanipun Muhadi bilih tiyang *koleris* menika langkung *fokus* dhateng ngasilaken satunggaling bab (2016: 90).

b. Kakiranganipun Siswa ingkang Kapribadenipun *Koleris*

1) Enggal duka saha boten sabar

Muhadi (2016: 88) ngandharaken bilih siswa *koleris* gadhah *emosi* ingkang gampang mledhag saha boten gampang welas kaliyan sanes. Wondene Littauer ngandharaken bilih siswa *koleris* menika gadhah kajeng supados sedaya ingkang katindakaken menika kedah turut kaliyan parentah piyambakipun. Siswa menika ugi gadhah sipat ingkang boten sabar (2011: 214).

2) Ngraos gadhah kuwaos saha remen paring dhawuh

Siswa *koleris* boten preduli dhateng tiyang sanes amargi piyambakipun gadhah sipat ingkang *dominan*, ngraos ingkang gadhah kuwaos (Muhadi, 2016: 88-89). Littauer ngandharaken bilih siswa *koleris* menika gadhah kajeng supados sedaya ingkang katindakaken menika kedah turut kaliyan parentah piyambakipun. Siswa menika ugi gadhah sipat ingkang boten sabar. Tiyang *koleris* boten namung remen paring dhawuh sacara lisan, ananging piyambakipun ugi saged nyerat prentah-prentah kanthi princi (2011: 214-217).

3) Tansah ngraos langkung leres, kirang saged nampi pamanggihipun tiyang sanes

Littauer (2011: 200) ngandharaken bilih tiyang *koleris* tansah gadhah pamanggih bilih piyambakipun boten gadhah kakirangan, bilih piyambaipun remen duka menika inggih boten minangka kakirangan piyambakipun ananging amargi kalepatan tiyang sanes. Muhadi (2016: 91) ugi ngandharaken bilih salah satunggaling kakiranganipun siswa *koleris* menika ngraos ingkang

langkung leres, boten saged nampi pamanggihipun tiyang sanes, saha pepenginipun tansah kedah dipunturut.

4) Asring tumindak culika

Tiyang *koleris* tansah gadhah maneka warni cara kangge meksa tiyang sanes nindakaken satunggaling bab ananging tiyang menika boten *sadar*. Tiyang sanes saged boten *sadar* bilih dipunpeksa kaliyan tiyang *koleris* menika inggih amargi tiyang menika pinter anggenipun tumindak culika (*memanipulasi*) (Littauer, 2011:211).

5) Boten remen nglimpahaken tanggel jawab dhateng tiyang sanes

Dhasaring siswa kerasan ingkang cocog dados pangarsa menika inggih dipunsarengi watek ingkang boten remen nglimpahaken tanggel jawab dhateng tiyang sanes. Littauer ngandharaken bilih tiyang *koleris* menika namung remen bilih sedaya bab kedah wonten ing *kendali* piyambakipun. Pramila siswa menika asring gadhah panyaruwe awon dhateng tiyang sanes ingkang nyobi dados pangarsa (2011: 209).

6) Asring meksa tiyang sanes lajeng nuwuhaken padudon

Muhadi (2016: 92) ngandharaken bilih siswa *koleris* menika nedahaken kamurkanipun kanthi nyingkiraken tiyang-tiyang ingkang dipunanggep lepat utawi ngalangi piyambakipun. Tiyang *koleris* menika ngajeni kakiyatan piyambakipun, ananging dados ngawonaken sanes tanpa welas. Piyambakipun tansah boten saged ngajeni saha mangretosi tiyang sanes saha gadhah pamanggih bilih tiyang sanes menika langkung awon tinimbang piyambakipun (Littauer, 2011: 210-211).

7) Boten remen dhateng bab-bab ingkang dipunanggep kirang wigatos utawi bab ingkang ricik

Muhadi (2016: 91) bilih salah satunggaling kakirangan siswa *koleris* menika boten remen dhateng bab ingkang sepele, ingkang ricik, saha dipunanggep kirang wigatos. Tiyang *koleris* ingkang greget sanget anggenipun nindakaken satunggaling bab menika boten remen dhateng bab ingkang dipunangge[kirang wigatos, tuladhanipun inggih sare nalika siyang. Bilih kepeksa sare inggih nalika badhe sare siswa *koleris* menika sampun kedah ngrantam menapa ingkang badhe katindakaken nalika piyambakipun wungu (Littauer, 2011: 201-202).

8) Linangkung sanget gregetipun anggen makarya

Siswa *koleris* anggenipun nggayuh satunggaling bab kedah kagayuh kados pundi kemawon lampahipun kados menapa ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, bilih boten kagayuh menapa ingkang dipunkajengaken inggih badhe sumelang. Siswa *koleris* nalika sumelang menika inggih duka, langkung mepeng malih anggen mujudaken gegayuhan, sansaya ngraos gadhah kuwaos dhateng siswa sanes, utawi malah nyingkiraken tiyang sanes ingkang dipunanggep ngalangi piyambakipun anggen nggayuh kajengipun (Muhadi, 2016: 91-92). Tiyang *koleris* menika tansah greget sanget anggenipun makarya, bab menika wonten sae saha awonipun. Awonipun inggih tiyang menika kedah saged nggayuh menapa ingkang sampun dados ancas padamelan menika saha boten saged dipunalangi dening tiyang sanes (Littauer, 2011: 206)

- 9) Boten gampil nyuwun pangapunten, menapa malih ngakeni kakirangan utawi kalepatan piyambakipun

Dhasar siswa *koleris* menika gadhah sipat ngraos ingkang langkung leres kados menapa ingkang sampun kaandharaken ing nginggil menika pramila siswa *koleris* lajeng boten gampil nyuwun pangapunten. Piyambakipun boten saged ngakeni kakirangan utawi kalepatanipun piyambak (Muhadi, 2016: 91). Tiyang *koleris* menika boten saged trimah bilih piyambakipun lepat. Tiyang menika tansah ngraos mangretos sedayanipun saha boten saged nyuwun pangapunten dhateng sanes amargi ngraos ingkang langkung leres (Littauer, 2011: 220-222).

- 10) Tumindak menapa kemawon kangge nggayuh pepenginipun

Salah satunggaling kakiranganipun siswa *koleris* inggih menika asring *menghalalkan* sedaya cara kangge nggayuh menapa ingkang dados kajengipun (Muhadi, 2016: 91). Wondene Littauer (2011: 220) ngandharaken bilih tiyang *koleris* remen nuwuhaken padudon, tumindak menika minangka salah satunggaling titikanipun tiyang *koleris* ingkang sipatipun awon. Amargi boten wonten satunggal tiyang kemawon ingkang remen kaliyan tumindak awon, boten saged sabar, saha nganggep piyambakipun ingkang kuwaos.

- 11) Asring kesesa anggenipun mendhet kawicaksanan saha grusa-grusu

Muhadi (2016: 91) ngandharaken bilih siswa *koleris* asring kesesa anggenipun mendhet kawicaksanan saha grusa-grusu. Tiyang *koleris* menika boten saged trimah bilih piyambakipun lepat. Tiyang menika tansah ngraos mangretos sedayanipun saha boten saged nyuwun pangapunten dhateng sanes

amargi ngraos ingkang langkung leres (Littauer, 2011: 220-222). Ananging nalika tiyang sanes nglepataken piyambakipun inggih tiyang menika lajeng tumindak menapa kemawon supados boten kaanggep lepat dening sanes.

12) Kirang saged nedahaken raos welas asih dhateng sanes

Siswa *koleris* menika kirang saged nedahaken raos welas asih dhateng sanes (Muhadi, 2016: 91). Tiyang *koleris* ingkang gadhah sipat sok kuwaos menika boten saged ngraos dhirinipun sok kuwaos. Ananging malah ngraos piyambakipun menika paring pamanggih ingkang trep. Sedaya tiyang temtu kemawon boten remen dhateng tiyang ingkang sok gadhah kuwaos, menapa malih tiyang menika boten nlegewa bilih gadhah sipat menika. Sipat sok kuwaos menika saged nuwuhaken sipat ingkang boten welas dhateng tiyang sanes. Sejatosipun tiyang menika namung kirang saged srawung kanthi cara ingkang trep (Littauer, 2011: 216-217).

3. *Melankolis*

Tiyang kanthi kapribaden *melankolis* menika limrahipun remen satunggaling bab ingkang sampurna saha minangka tiyang ingkang remen miyambak, boten tarbuka kaliyan tiyang sanes. Tiyang menika gadhah disiplin ingkang temen, mongkog anggenipun makarya, saha taliti sanget. Sami kaliyan tiyang *koleris*, tiyang *melankolis* menika ugi remen wicanten kados menapa wontenipun, boten dipunreka utawi boten dipunalusaken (Pradiansyah, 2008: 293-294).

Tiyang *melankolis* menika lantip satemah saged mangretos bab-bab ingkang boten kapanggalih dening tiyang sanes. Piyambakipun ugi kalebet tiyang ingkang

wasis. Awit saking menika tiyang *melankolis* dipunwastani *genius*. Piyambakipun damel rantaman punapa ingkang badhe dipuntindakaken saha nindakaken jumbuh kaliyan rantaman ingkang sampun dipundamel piyambakipun. Piyambakipun ugi boten gampil anggenipun pitados dhateng tiyang sanes (Muhadi, 2016: 93-94).

Tiyang awatek *melankolis* menika tiyang ingkang boten remen grusa-grusu anggenipun nindakaken satunggaling bab. Piyambakipun kalebet tiyang ingkang kathah tetimbanganipun kangge nemtokaken menapa mawon ingkang badhe dipuntindakaken (Muhadi, 2016: 96). Bab menika jumbuh kaliyan andharanipun Fallan & Opstad bilih wonten tiyang ingkang nemtokaken satunggaling bab kanthi kalih cara inggih menika mikir saha ngraosaken. Sanajan saben tiyang saged ngginakaken kalih cara menika, ananging limrahipun namung satunggal cara ingkang langkung asring dipunginakaken (2016: 34). Kados siswa *melankolis* menika langkung remen ngginakaken pangraosipun salebeting nemtokaken utawi nindakaken satunggaling bab.

a. Saenipun Siswa ingkang Kapribadenipun *Melankolis*

1) Sadaya bab dipunmanah estu

Muhadi (2016: 146) ngandharaken bilih siswa *melankolis* menikka siswa ingkang temen anggenipun nindakaken satunggaling bab kanthi princi saha tansah ngatos-atos amargi sedayanipun kedah karantam. Tiyang *melankolis* menika tansah gadhah manah ingkang tentrem kangge mikir satunggaling bab. Nalika badhe nindakaken satunggaling bab tiyang menika sampun gadhah reng-rengenan saha peprincen. Pikiranipun tiyang *melankolis*

ingkang temen saha *analitis* menika wanci minangka sipat ingkang dipungadhahi tiyang *melankolis* (Littauer, 2011: 67-69).

2) Tumata saha tertib

Siswa *melankolis* menika remen sedaya bab dipunpikiraken saestu dados saged tumata, tertib kasusun miturut rantaman saha remen bab ingkang princi (Muhadi, 2016: 97). Tiyang *melankolis* menika minangka tiyang ingkang mikir kanthi temen saha netepaken rantaman kangge wekdal tembe saha namung badhe nindakaken satunggaling bab menika jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun karantam (Littauer, 2016: 69).

3) *Genius*, prigel, saha trampil

Muhadi (2016: 93) bilih siswa *melankolis* menika tliti saha prigel anggenipun ngrampungaken prakawis. Piyambakipun ugi minangka tiyang ingkang trampil, pramila biasanipun tiyang menika kawastanan tiyang *genius*. Tiyang *melankolis* wanci gadhah *karakter* ingkang *genius*. Tiyang menika kalairaken kanthi sipat *genius* ingkang sampun raket saha saged tuwuh bilih dipungulawenthah kanthi sae (Littauer, 2011: 71).

4) Tansah ngatos-atos anggenipun kekancan

Muhadi (2016: 97) ngandharaken bilih siswa *koleris* menika tansah ngatos-atos anggenipun milih kanca. Dipunsengkuyung kaliyan andharanipun Windura (2008: 141) bilih tiyang *melankolis* anggenipun kekancan inggih milih ingkang saged dados kanca temenan, ateges saged dipunbetahaken nalika suka saha duka. Wondene Littauer ngandharaken bilih tiyang *melankolis* tansah ngatos-atos anggenipun kekancan kangge mangretosi menapa tiyang menika

cocog kaliyan piyambakipun. Tiyang menika langkung milih gadhah kanca sakedhik kemawon ananging tansah setya (2011: 88).

5) Tansah gemati kaliyan ingkang dipuntresnani

Muhadi (2016: 97) ngandharaken bilih satunggaling saenipun tiyang *melankolis* menika tansah gemati kaliyan jodhonipun. Ananging amargi ing *konteks* menika ingkang dipunrembag bab siswa inggih jodho menika saged kagantos kaliyan bab ingkang dipuntresnani. Wondene Littauer ngandharaken bilih tiyang *koleris* menika tansah migatosaken tiyang sanes saha menapa ingkang dipunprelokaken tiyang sanes (2011: 86).

6) Kedah rikat anggenipun ngrampungaken satunggaling bab

Siswa *melankolis* gadhah sipat ingkang tliti saha princi. Tiyang menika saged ngrampungaken kathah bab ingkang dereng tamtu saged dipunrampungaken tiyang sanes. Piyambakipun ugi minangka tiyang ingkang rikat. Pramila salah satunggaling saenipun siswa *melankolis* menika bilih sampun nindakaken satunggaling bab lajeng kedah enggal dipunrampungaken Muhadi (2019: 93-95).

7) *Idealis* saha *perfeksionis*

Siswa sedhihan menika gadhah sipat ingkang *perfeksionis* saha *idealis* satemah kepengin sadaya pakaryanipun tansah sampurna Muhadi (2016: 97). Sipat *perfeksionis* menika tansah boten saged ngraos *puas*, sedayanipun kedah sampurna (Holden, 2007: 110). Wondene tembung *idealis* asalipun saking tembung *idea* ingkang gadhah teges *ide*, pamikiran, akal, jiwa.

8) Boten purun uwal saking tradisi ingkang sampun kalampahan

Tiyang *melankolis* kosok wangsulipun kaliyan tiyang *sanguinis*. Bilih *sanguinis* menika tansah pados bingahipun kemawon, tiyang *melankolis* tansah nurut kaliyan pranatan ingkang sampun wonten. Tiyang menika remen tumindak adhedhasar pranatan ingkang tertib (Littauer, 2011: 78-81).

9) Gampil ngraosaken punapa ingkang dipunraosaken tiyang sanes

Migatosaken saha welas asih dhateng tiyang sanes menika dados salah satunggaling titikan siswa *melankolis*. Piyambakipun gampil trenyuh nalika mangretos prakawisipun tiyang sanes. Tiyang menika saged paring panyaruwe dhateng sanes ingkang trep amargi piyambakipun saged mlebet dhateng manahipun sanes satemah saged ngraosaken menapa ingkang karaosaken dening sanes (Littauer, 2011: 86-87).

10) Saged ngrampungaken prakawis kanthi cara ingkang *kreatif*

Manungsa *kreatif* inggih menika manungsa ingkang nglilakaken *popularitas* piyambakipun kangge mbela satunggaling pamikiranipun ingkang enggal. Piyambakipun tansah ngrampungaken satunggaling bab rumiyin saha nyingkiraken nepsunipun piyambak, ancasipun inggih kangge manggihaken bab ingkang leres, kasaenan, saha kaendahan (Sutoyo, 2000: 123). Andharan menika jumbuh kaliyan pethikan ingkang nedahaken bilih dhateng samukawis bab ingkang maedahi utawi migunani inggih lajeng gadhah pamikiran ingkang rikat saha lantip. Bab menika ugi jumbuh kaliyan andharanipun Muhadi (2016: 98) siswa *melankolis* bilih ningali prakawis saha pados cara kangge ngrampungaken prakawisipun inggih kanthi cara ingkang *kreatif*.

11) Anggenipun ngrampungaken prakawis menika kanthi cara ingkang trep

Muhadi (2016: 98) ngandharaken bilih salah satunggaling saenipun siswa *melankolis* inggih menika anggenipun ngrampungaken prakawis menika kanthi cara ingkang trep. Littauer (salebeting Ghazali, 2016: 202) ugi ngandharaken bilih tiyang *melankolis* menika anggenipun nindakaken satunggaling bab inggih kedah dipuntindakaken kanthi leres.

12) Kiyat anggenipun nyepeng kapitadosanipun, temen anggenipun mujudaken pepenginanipun

Muhadi (2016: 98) bilih siswa *melankolis* menika kiyat anggenipun nyepeng kapitadosanipun, tumemen anggenipun mujudaken pepenginanipun. Wondene Littauer (salebeting Ghazali, 2016: 202) ngandharaken bilih tiyang *melankolis* menika gadhah nepsu ingkang inggil kangge nggayuh satunggaling bab. Temtu kemawon anggenipun nggayuh ancas inggih adhedhasar rantaman ingkang sampun dipundamel.

13) Remen dhateng seni

Littauer ngandharaken bilih tiyang *melankolis* menika gadhah kapribaden ingkang *kreatif* sae ing seni, *musik*, *filosofis* menapa dene sastrawan (salebeting Ghazali, 2016: 202). Panyerat, tiyang ingkang nglukis, saha *musik* menika biasanipun inggih tiyang *melankolis* ingkang *genius* saha dipungulawenthah kanthi trep (Littauer, 2011: 71). Muhadi ugi ngandharaken bilih salah satunggaling saenipun siswa *melankolis* menika remen dhateng seni, kados *musik* saha nggambar (2016: 98).

14) Menapa ingkang dipunngendikakaken minangka asil pamikiranipun piyambak

Tiyang *melankolis* gadhah pamikiran ingkang temen saha remen damel rantaman. Asil pamikiranipun tiyang *melankolis* menika inggih asil pamikiranipun piyambak. Amargi anggenipun mikir inggih kedah miyambak satemah saged ngedalaken pamikiran ingkang langkung wening (Littauer salebeting Ghazali, 2016: 202).

b. Kakiranganipun Siswa ingkang Kapribadenipun *Melankolis*

1) Boten minangka tiyang ingkang gampil srawung

Muhadi (2016: 98-99) salah satunggaling kakiranganipun siswa *melankolis* menika piyambakipun tansah ngraos boten mbetahaken sesrawungan kaliyan tiyang sanes. Piyambakipun minangka pribadi ingkang kaken, kirang saged srawung dhateng tiyang sanes. Pramila siswa sedhihan minangka tiyang *introvert* inggih menika tiyang ingkang ngetingalaken titikan tiyang ingkang tansah ajrih, boten jenjem, alit manahipun, saha tansah gadhah prasangka ingkang awon dhateng sanes (Ghazali, 2016: 43).

2) Gampil ngraos lepat

Muhadi (2016: 99) ngandharaken bilih siswa *melankolis* menika gampil ngraos lepat saha boten gadhah kapitadosan dhiri ingkang sae. Tiyang *melankolis* gadhah bektan inggih menika sipat ingkang mbiji dhiri pribadi kanthi *standar* ingkang inggil. Piyambakipun tansah ngraos boten jenjem manahipun ing sesrawungan amargi tansah mikir sedaya ingkang katindakaken (Littauer, 2011: 187).

3) Sedaya ingkang boten kalampahan miturut samestinipun dipunpenggalih kanthi temen

Muhadi (2016: 99) ngandharaken bilih siswa *melankolis* tansah gampang ngraos susah manahipun, menapa malih ing kawontenan ingkang boten sampurna miturut piyambakipun utawi kawontenan ingkang ewah. Tuladhanipun, panggesangan ingkang boten tumata, pranatan ingkang boten katindakaken kados mestinipun, saha boten kasilipun satunggaling bab ingkang sampun karantam. Saking andharan ing nginggil menika nedahaken bilih siswa sedhihan menika siswa ingkang *perfeksionis*. Tiyang menika gadhah dhisiplin ingkang sanget, sadaya bab tansah karantam, saha tliti. Sipat *perfeksionis* menika tansah boten saged ngraos marem, sedayanipun kedah sampurna (Holden, 2007: 110).

4) Anggenipun nindakaken satunggaling bab kedah kanthi cara ingkang leres saha lempeng

Tiyang *melankolis* ngginakaken kathah wekdal kangge ngrantam satunggaling bab. Bilih rantaman menika sampun dados, inggih kedah katindakaken jumbuh kaliyan rantaman menika. Littauer (salebeting Ghazali, 2016: 202) ngandharaken bilih anggenipun nindakaken satunggaling bab, siswa *melankolis* menika tansah kedah dipuntindakaken kanthi leres saha lempeng kemawon. Bab menika jumbuh kaliyan andharanipun Muhadi bilih siswa *melankolis* anggenipun nindakaken satunggaling bab kedah kanthi cara ingkang leres saha lempeng (2016: 99).

5) Ngginakaken kathah wekdal kangge ndamel rantaman anggenipun nindakaken satunggaling bab

Tiyang *melankolis* ngginakaken kathah wekdal kangge ngrantam satunggaling bab. Sedaya bab ingkang sesambetan kaliyan ingkang badhe katindakaken menika inggih sampun kapikiraken sedanten, kamangka ingkang nindakaken menika tasih pinten-pinten wulan malih. Bab ingkang sepele inggih sampun dipunpikiraken. Ananging sipat menika kadhang kawis ndadosaken tiyang awatek sanesipun dados ngraos ribed amargi ngraos bilih dereng wekdalipun kangge ngrantam (Littauer, 2011: 191-192).

6) Ningali prakawis saking awonipun kemawon saha asring *dendam*

Muhadi (2016: 99) ngandharaken bilih siswa *melankolis* gadhah kakirangan inggih menika ningali prakawis namung saking awonipun kemawon saha asring ngenget-enget bab ingkang boten dipunremeni satemah nuwuhaken sipat *dendam*. Wondene Littauer ngandharaken bilih tiyang *melankolis* menika ngempalakun *kritik* ingkang boten nate dipundipunandhraken dening tiyang sanes, inggih kaanah-manah piyambak. Piyambakipun tansah gadhah pamanggih awon dhateng tiyang sakupengipun (2011: 186).

7) Gampil ngraos dipunsingkiri dhateng kanca-kancanipun

Siswa *melankolis* menika gampil ngraos dipunsingkiri amargi asring ngraos boten jenjem utawi sumelang bilih dipunsengit kaliyan sanes Muhadi (2016: 99). Andharan menika dipunsengkuyung dening Littauer (2011: 65)

ingkang ngandharaken bilih siswa sedhihan menika minangka tiyang ingkang remen kendel kemawon, boten kathah micara, saha remen miyambak.

8) Boten gampil paring pangapunten

Nalika wonten tiyang rerembagan utawi kempal manunggal, tiyang *melankolis* menika tansah ngraos bilih bab-bab awon ingkang dipungadhahi piyambakipun ingkang dipundadosaken pacelathon ing pakempalan menika. Lajeng tanpa alesan ingkang weca, piyambakipun inggih mendhem raos boten remen dhateng tiyang-tiyang menika (Littauer, 2011: 168). Wondene Muhadi ngandharaken bilih siswa *melankolis* menika gadhah sipat ingkang boten gampil paring pangapunten dhateng tiyang ingkang lepat kaliyan piyambakipun (2019: 99).

9) Asring mendhem raos boten remen amargi runtik kaliyan tiyang sanes

Muhadi (2016: 99) ugi ngandharaken bilih siswa *melankolis* asring mendhem raos boten remen amargi runtik kaliyan tiyang sanes. Nalika wonten tiyang rerembagan utawi kempal manunggal, tiyang *melankolis* menika tansah ngraos bilih bab-bab awon ingkang dipungadhahi piyambakipun ingkang dipundadosaken pacelathon ing pakempalan menika. Lajeng tanpa alesan ingkang weca, piyambakipun inggih mendhem raos boten remen dhateng tiyang-tiyang menika (Littauer, 2011: 168).

10) Asring nyuwun kawigatosan ingkang langkung

Tiyang *melankolis* menika kirang gadhah kapitadosan dhiri. Piyambakipun asring pados pangalem kanthi cara ingkang alus, boten kados padatanipun siswa *melankolis*. Tiyang menika gadhah sedya supados saged

ngindhakaken dhirinipun ing ngajeng tiyang sanes, ananging nalika tiyang sanes lajeng paring pangalem inggih piyambakipun mangretos bilih bab menika boten wonten ing dhirinipun (Littauer, 2011: 189).

11) Kirang gadhah raos pitados dhateng dhiri pribadi

Tiyang *melankolis* menika kirang gadhah kapitadosan dhiri. Piyambakipun asring pados pangalem kanthi cara ingkang alus, boten kados padatanipun siswa *melankolis*. Tiyang menika gadhah sedya supados saged ngindhakaken dhirinipun ing ngajeng tiyang sanes, ananging nalika tiyang sanes lajeng paring pangalem inggih piyambakipun mangretos bilih bab menika boten wonten ing dhirinipun (Littauer, 2011: 189).

12) Boten gampang pitados dhateng tiyang sanes

Muhadi (2016: 100) ngandharaken bilih siswa *melankolis* boten gampang pitados saha remen pitaken menapa teges ingkang sejatosipun ing sawijining wicanten tiyang sanes. Kathah tiyang *melankolis* ingkang ngraos bilih wonten saperangan bab ingkang boten limrah ing dhirinipun. Bilih tiyang sanes sampun ngajak siswa menika kangge dolanan saha bingah-bingah sesarengan, ananging siswa menika langkung milih miyambak kemawon. Bab menika amargi siswa *melankolis* menika boten saged pitados dhateng tiyang sanes (Littauer, 2011: 195).

13) Remen ngginakaken wekdal piyambakan

Salah satunggaling kakirangan saking siswa *melankolis* menika ngginakaken kathah wekdal kangge miyambak saha boten srawung kaliyan tiyang sanes (Muhadi, 2019: 100). Nalika tiyang sanes ngajak siswa menika

kangge dolanan saha bingah-bingah sesarengan, siswa menika langkung milih miyambak kemawon. Awit wanci siswa *melankolis* menika boten remen wonten ing kawontenan ingkang rame-rame kados siswa awatek sanesipun (Littauer, 2011: 195).

4. *Plegmatis*

Tiyang awatek *plegmatis* menika tiyang ingkang remen gesang kanthi tentrem. Tiyangipun andhap asor, grapyak, saha sedayanipun dipundamel boten riwed (Isa, dkk., 2009: 31). Piyambakipun ugi sabar, sedayanipun saged imbang, *konsisten*, saged dados panengah ing salebeting prakawis, pinter, boten remen wonten ing salebeting prakawis, preduli dhateng sesama, grapyak, saged meper hawa nepsu, saha saged manggihaken bab ingkang saged ngrampungaken prakawis (Liaw, 2009: 10).

Sipat-sipat ing nginggil menika ndadosaken tiyang *plegmatis* menika minangka *perpaduan* ingkang sae satemah piyambakipun dipunremeni dening sinten kemawon. Awit saking menika *plegmatis* dados *penyeimbang* saking tigang watek sanesipun (*sanguinis, koleris, melankolis*). Tiyang *plegmatis* saged mujudaken gesang ingkang jenjem tentrem (Muhadi, 2016: 101-102).

a. Saenipun Siswa ingkang Kapribadenipun *Plegmatis*

1) Sabar

Muhadi (2016: 104) ngandharaken bilih siswa *plegmatis* minangka siswa ingkang sabar. Awit saking menika tiyang-tiyang ingkang wonten ing sakupengipun menika remen dhateng piyambakipun. Tembung sabar tegesipun

sareh anggenipun tumindak, boten enggal nepsunipun (Poerwadarminta, 1939: 536).

2) Gampil srawung

Salah satunggaling saenipun siswa *plegmatis* inggih menika gampil srawung satemah kathah kancanipun (Muhadi, 2016: 104). Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan andharanipun Littauer (2011: 136) bilih tiyang *plegmatis* gadhah kathah kanca amargi piyambakipun gampil srawung. Pramila tigang kapribaden sanesipun mbetahaken kanca ingkang kados siswa *plegmatis* menika.

3) Tansah jenjem anggenipun ngrampungaken prakawis

Muhadi (2016: 104) ngandharaken bilih siswa sedhihan menika tansah jenjem anggenipun ngrampungaken prakawis saha saged meper hawa nepsunipun satemah boten grusa-grusu anggenipun tumindak. Tiyang *plegmatis* anggenipun ngrampungaken satunggaling prakawis menika kanthi jenjem kemawon saha sakedhik mbaka sakedhik. Piyambakipun boten purun mikir ngantos tebih saha awrat (Littauer, 2011: 126).

4) Saged meper hawa nepsunipun satemah boten grusa-grusu anggenipun tumindak

Andharanipun Muhadi (2016: 104) menika bilih siswa *plegmatis* minangka tiyang ingkang saged meper hawa nepsunipun. Pramila nalika wonten ing kawontenan ingkang susah, siswa menika saged jenjem anggenipun ngrampungaken prakawis. Salah satunggaling titikan tiyang *plegmatis* menika

inggih kasagedanipun kangge tetep sareh bilih wonten ing satengahing prakawis (Littauer, 2011: 127-128).

5) Gadhah kasagedan ing bab *administrasi* saha sedaya bab tansah karantam

Tiyang *plegmatis* menika minangka tiyang ingkang makarya kanthi sae saha saged srawung kanthi sae kaliyan tiyang ing sakupengipun. Tiyang menika ugi gadhah kasagedan ing bab *administrasi* (Littauer, 2011: 131). Wondene Muhadi ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* gadhah kasagedan ing bab *administrasi* pramila cocog makarya ingkang sesambetan kaliyan *administrasi* (2016: 105).

6) Saged dados panengah ing salebeting prakawis

Muhadi ngandharaken salah satunggaling titikanipun siswa sarehan menika saged dados panengah ing salebeting prakawis. Siswa *plegmatis* tansah dipunbetahaken kangge ngrampungaken prakawis. Amargi, piyambakipun saged mbiji saking kalih pihak sacara adil saha ngandharaken pamanggihipun kanthi jenjem, sareh, saha sabar (2016: 105). Nalika sedaya tiyang bilih wonten ing satengahing prakawis menika brontak, tiyang *plegmatis* tansah jenjem nalika wonten ing satengahing prakawis saha saged dados panengah kangge ngrampungaken prakawis (Littauer, 2011: 134).

7) Dados pamireng ingkang sae

Tiyang *plegmatis* ingkang gadhah kathah kanca menika salah satunggalipun inggih amargi piyambakipun minangka pamireng ingkang sae. Tiyang menika langkung remen dados pamireng tinimbang wicanten (Littauer, 2011: 139). Muhadi ugi ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* minangka

pamireng ingkang sae satemah bilih wonten ing satunggaling pakempalan, tiyang menika langkung remen mirengaken tinimbang wicanten (2016: 105).

8) Tiyangipun ngremenaken, boten remen ngawonaken tiyang sanes, saha gampil dipunajak rukun

Muhadi (2016: 105) ngandharaken bilih siswa *plegmatis* minangka tiyang ingkang ngremenaken, boten remen ngawonaken tiyang sanes, saha gampil dipunajak rukun. Tiyang *plegmatis* menika gadhah kathah kanca amargi gampil dipunajak srawung saha rukun kaliyan sanes. Siswa *plegmatis* ngremenaken minangka kanca ingkang sae (Littauer, 2011: 136).

9) Pinter anggenipun nyimpen menapa ingkang sejatosipun dipunraosaken

Tiyang *plegmatis* menika minangka tiyang ingkang langkung imbang tinimbang watek sanesipun. Tiyang menika saged lumampah ing tengahing kawontenan saha boten nuwuhaken prakawis. Piymbakipun boten nyakiti manahipun sanes, boten prelu kawigatosanipun sanes, ananging lajeng nindakaken menapa ingkang sampun dados sedya tanpa wonten ingkang mangretos tanpa pados kawigatosanipun sanes (Littauer, 2011: 121).

10) Jenjem, pinter, boten crigis, saha wicaksana

Siswa *plegmatis* menika jenjem, pinter, boten crigis, saha wicaksana (Muhadi, 2016: 105). Wondene miturut Littauer, salah satunggaling titikan tiyang *plegmatis* menika gadhah manah ingkang jenjem, *disiplin*, boten kathah wicantenipun. Sasanesipun menika siswa *plegmatis* ugi gadhah sipat ingkang wicaksana, boten umuk, wicantenipun alus, saha saged meper hawa nepsunipun (Littauer salebeting Ghazali, 2016: 204).

11) Purun paring pamanggih

Littauer ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* menika saged dados panengah ingkang sae. Bab menika amargi tiyang *plegmatis* tansah jenjem saha saged nguwaosi hawa nepsunipun. Ppiyambakipun saged nglremaken padudon namung kanthi ngendikakaken saperangan tembung ingkang alus (2011: 123). Bab menika jumbuh kaliyan andharanipun Muhadi bilih tiyang *plegmatis* menika minangka tiyang ingkang purun paring pamanggih, mliginipun kangge ngrampungaken prakawis (2016: 106).

12) *Simpatik*, sae manahipun, welas asih, saha preduli

Tiyang *plegmatis* bilih dados pangarsa menika inggih dipunremeni dhateng tiyang ingkang makarya dhateng piyambakipun. Amargi tiyang menika boten kathah ngawon daha duka. Bab menika malah ndadosaken tiyang ingkang makarya lajeng purun makarya ingknag linangkung amargi ngraos langkung greget saha dipunajeni padamelanipun dening pangarsa minangka tiyang *plegmatis* menika (Littauer, 2011: 123). Muhadi ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* gadhah sipat ingkang *simpatik*, sae manahipun, welas asih, saha preduli (2016: 106).

13) Ngupaya kangge manggihaken cara ingkang gampil anggenipun ngrampungaken prakawis

Littauer ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* menika tansah remen gegujengan amargi gadhah pamanggih bilih panggesangan menika sampun dipunmanah sanget. Piyambakipun ugi gadhah kasagedan anggenipun nglremaken utawi ngrampungaken prakawis (2011: 124). Bab menika jumbuh

kaliyan andharanipun Muhadi bilih tiyang *plegmatis* menika saged ngupaya kangge manggihaken cara ingkang langkung gampil anggenipun ngrampungaken prakawis saha tiyangipun remen gegujengan (2016: 106).

14) Saged nampi pamanggihipun utawi pepenginanipun tiyang sanes

Tiyang *plegmatis* menika sedayanipun tansah saged imbang, boten wonten bab ingkang linangkung, saha boten gampil nyakiti manahipun sanes (Littauer salebeting Ghazali, 2016: 203). Pramila tiyang menika saged nampi pamanggihipun utawi pepenginanipun tiyang sanes. Kados menapa ingkang dipunandharaken Muhadi bilih tiyang *plegmatis* menika gampil anggenipun narimah pamanggihipun tiyang sanes tanpa prelu kathah nywantenaken pamanggihipun piyambak (2016: 106).

15) Boten gampil kapilut bab ingkang awon

Muhadi (2016: 106) ngandharaken bilih siswa *plegmatis* menika boten kathah wicanten saha boten gampil kapilut bab ingkang awon. Wondene Littauer ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* menika boten purun nuwuhaken prakawis, saged kekancan kaliyan tiyang sanes, saha boten gadha mengsah. Nalika tiyang awatek sanesipun tansah ngupaya pados kanca saha mrabawani kanca-kancanipun, tiyang *plegmatis* boten nindakaken bab menika amargi wanci piyambakipun boten nate nuwuhaken prakawis utawi padudon satemah boten wonten tiyang ingkang sengit dhateng piyambakipun (2011: 135).

16) Gampil narimah kawontenan menapa kemawon

Muhadi (2016: 106) ngandharaken bilih salah satunggaling saenipun siswa *plegmatis* menika gampil narimah kawontenan menapa kemawon.

Wondene Littauer ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* boten miwiti satunggaling bab kanthi kajeng ingkang ageng. Awit saking menika tiyang *plegmatis* gampil narimah kawontenanipun (2011: 130).

17) Boten nate nyebabaken kawontenan ingkang boten ngremenaken

Littauer ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* menika boten purun nuwuhaken prakawis, saged kekancan kaliyan tiyang sanes, saha boten gadha mengsah. Nalika tiyang awatek sanesipun tansah ngupaya pados kanca saha mrabawani kanca-kancanipun, tiyang *plegmatis* boten nindakaken bab menika amargi wanci piyambakipun boten nate nuwuhaken prakawis utawi padudon satemah boten wonten tiyang ingkang sengit dhateng piyambakipun (2011: 135). Bab menika dipunsengkuyung kaliyan andharanipun Muhadi bilih tiyang *plegmatis* menika boten nate ngandharaken utawi nyebabaken kawontenan ingkang boten ngremenaken (2016: 106).

18) Gadhah raos sokur

Tiyang *plegmatis* menika gadhah raos sokur dening menapa ingkang sampun dipungadhahi saha boten remen iri drengki (Muhadi, 2016: 106). Wondene Littauer ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* boten miwiti satunggaling bab kanthi kajeng ingkang ageng. Awit saking menika tiyang *plegmatis* gampil narimah kawontenanipun (2011: 130).

b. Kakiranganipun Siswa ingkang Kapribadenipun *Plegmatis*

1) Kirang wigatos dhateng bab-bab ingkang enggal ing panggesangan

Siswa *plegmatis* menika kirang wigatos dhateng bab-bab ingkang enggal ing panggesangan. Kadhang kawis piyambakipun tansah ajrih utawi

sumelang dhateng bab enggal menika (Muhadi, 2016: 106). Bab menika dipunsengkuyung dening Littauer ingkang ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* boten remen dhateng bab ingkang enggal utawi ewah gingsir (2011: 230-231).

2) Asring ngraos boten jenjem batosipun

Sipat saking tiyang *plegmatis* menika boten saged ngandharaken menapa ingkang sejatosipun wonten ing batos. Bab menika amargi tiyang *plegmatis* boten purun nuwuhaken padudon. Asring sanget ing batosipun ngraos boten jenjem ananging boten saged ngandharaken menapa ingkang sejatosipun dipunraosaken, tiyang menika langkung milih kendel saha tumut kemawon dhateng pamanggihipun sanes (Littauer, 2011: 239).

3) Tiyangipun kirang *aktif*

Muhadi (2016: 107) ngandharaken bilih siswa *plegmatis* menika kirang *aktif*, langkung remen namung ningali kemawon tinimbang tumut mlebet ing satunggaling kagiyatan. Salah satunggaling sipat awon ingkang wonten ing tiyang *plegmatis* menika inggih kirang wonten greget anggenipun nindakaken satunggaling bab. Kepara malah boten wonten pepenginan kangge nindakaken satunggaling bab (Littauer, 2011: 226).

4) Endha saking prakawis saha boten tanggel jawab

Salah satunggaling kakirangan saking siswa *plegmatis* inggih menika endha saking prakawis saha boten tanggel jawab (Muhadi, 2016: 107). Tiyang *plegmatis* menika gadhah sipat ingkang kesed saha asring nundha-nundha padamelan supados saged endha saking tanggel jawab padamelan menika.

Piyambakipun asring nundha-nundha padamelan amargi ing manahipun wanci boten purun nyambut damel. (Littauer, 2011: 232-324).

5) Kirang rikat anggenipun nindakaken satunggaling bab

Titikanipun siswa *plegmatis* ingkang boten saged rikat anggenipun nindakaken satunggaling bab (Muhadi, 2016: 107). Tiyang *plegmatis* asring nundha-nundha padamelan amargi ing manahipun wanci boten purun nyambut damel. Piyambakipun tansah kesed, anggenipun nundha-nundha padamelan menika njalari piyambakipun boten saged rikat anggenipun nemtokaken badhe miwiti nyambut damel enggal-enggal. Amargi gadhah pamikiran bilih menapa ingkang saged katindakaken benjing, inggih boten prelu dipunwiwiti dinten menika (Littauer, 2011: 234).

6) *Pesimis*

Siswa sarehan gadhah sipat ingkang *pesimis*, asring ngraos boten badhe kasil anggenipun nindakaken satunggaling bab (Muhadi, 2016: 107). Tiyang ingkang *pesimis* menika tiyang ingkang sampun ngraos kawon saha gagal saderengipun nindakaken saha ngupaya nggayuh satunggaling bab (Sanusi, 2007: 72). Wondene miturut Wahyudi (2009: 91) ing salebeting sipat *pesimis* tiyang menika gampil sanget pados kalepatanipun tiyang sanes saha gampil wicanten boten saged amargi tansah ningali satunggaling bab saking rekasa saha prakawisipun kemawon ingkang badhe kalampahan ing bab menika.

7) Ngraos menawi piyambakipun menika ingkang langkung leres

Sejatosipun tiyang *plegmatis* menika gadhah watek ingkang *keras kepala*. Bab menika ndadosaken piyambakipun boten saged mupakat amargi

piyambakipun ngraos ingkang langkung leres. Ananging dangu-dangu piyambakipun saged meper anggenipun ngraos leres supados boten tuwuh prakawis (Muhadi, 2016: 107).

8) Tiyangipun boten preduli

Muhadi bilih siswa *plegmatis* gadhah kakirangan inggih menika boten preduli utawi *masa bodoh* (2016: 107). Tiyang *koleris* ndamel gegayuhan saha saged gadhah greget anggenipun badhe nggayuh gegayuhan kasebat. Ananging tiyang *plegmatis* inggih boten preduli. Bab menika saged ndadosaken gregetipun tiyang *koleris* utawi tiyang sanes dados lerem (Littauer, 2011: 227).

9) Remen miyambak

Muhadi (2016: 107) ngandharaken bilih siswa *plegmatis* menika boten saged ngetingalaken *emosi* saha remen miyambak. Siswa *plegmatis* menika wanci asring miyambak, ananging sejatosipun siswa menika remen wonten ing satunggaling pakempalan. Nalika kanca-kancanipun kathah wicanten saha kuwatos dhateng satunggaling bab, siswa menika inggih namung kendel kemawon amargi gadhah sedya boten badhe ndadosaken prakawis bab-bab ingkang sepele (Muhadi, 2016: 163-164).

10) Minangka tiyang ingkang boten gampil dipunbatang

Siswa *plegmatis* menika wanci asring miyambak, ananging sejatosipun siswa menika remen wonten ing satunggaling pakempalan. Piyambakipun wanci boten remen kathah wicanten, ananging gadhah kathah akal. Siswa menika tansah katingal randhat anggenipun nindakaken satunggaling bab, ananging menika malah nedahaken bilih siswa *plegmatis* menika sejatosipun

minangka siswa ingkang pinter (Muhadi, 2016: 163). Awit saking menika siswa *plegmatis* menika boten gampang dipunbatang.

11) Asring nundha anggenipun ngrampungaken prakawis

Muhadi (2016: 108) ngandharaken bilih siswa *plegmatis* gadhah kakirangan ingkang asring nundha anggenipun ngrampungaken prakawis. Tiyang *plegmatis* menika gadhah sipat ingkang males saha asring nundha-nundha padamelan. Bab menika supados piyambakipun saged endha saking tanggel jawab padamelan menika (Littauer, 2011: 232).

12) Boten remen dipunsesa-sesa

Tiyang *plegmatis* mbetahaken panyengkuyung saking tiyang sanes. Ananging piyambakipun boten remen dipunsesa-sesa menapa malih dipunpeksa (Littauer, 2011: 235-236). Muhadi ugi ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* boten remen dipunsesa-sesa (2016: 108).

13) Boten remen damel gegayuhan anggenipun nindakaken satunggaling bab

Muhadi ngandharaken bilih tiyang *plegmatis* boten saged teteg manahipun saha kirang pitados bilih satunggaling bab menika badhe kasil. Piyambakipun ugi boten saged tumindak kanthi pandom ancas satunggaling bab. Awit saking menika tiyang *plegmatis* ingkang boten remen damel gegayuhan anggenipun nindakaken satunggaling bab (2016: 107-108).

14) Asring ngraos sumelang, sedhih, saha boten jenjem

Raos sumelang, sedhih, saha boten jenjem menika saged tuwuh amargi tiyang *plegmatis* menika tansah boten wonten greget anggenipun nindakaken bab. Bab menika amargi piyambakipun tansah *pesimis*, boten pitados bilih

satunggaling bab saged kasil. Tiyangipun ugi boten saged nedahaken dhateng tiyang sanes menapa ingkang nembe dipunraosaken saha langkung remen miyambak. Bab menika ingkang njalari tiyang *plegmatis* ngraos sumelang, sedhih, saha boten jenjem manahipun (Muhadi, 2016: 107-108).

D. Pendhidhikan Karakter

Siswa ing jaman samenika gampil sanget kaprabawan dening kanca-kancanipun kados menapa ingkang sampun kaandharaken ing pawadaning prakawis. Rumaos bombong manahipun nalika nindakaken tumindak ingkang awon, kadosta tawuran, udud, *bullying*, geng brutal, lan sanes-sanesipun. Pramila siswa ing jaman samenika kedah dipunwucal bab pendhidhikan *karakter* supados saged mangun *karakter* ingkang langkung sae saha ndadosaken panggesangan ingkang sae ugi.

a. Pendhidhikan

Tembung pendhidhikan sacara *etimologi* asalipun saking basa Yunani inggih menika *paedagogie* ingkang kadados saking kalih tembung inggih punika “*pais*” ingkang tegesipun siswa, saha tembung “*again*” tegesipun mbimbing, dados *paedagogie* inggih menika bimbingan utawi wewarah tumrap siswa (Ahmadi, 2001: 69). Pendhidhikan menika upaya kanthi *sadar* saha *terencana* kangge mujudaken swasana sinau saha proses pasinaon supados siswa kanthi aktif ngrembakakaken *potensi* dhirinipun supados gadhah kakiyatan spiritual agami, saged ngendaleni dhirinipun, kapribaden, kalantipan, akhlak ingkang mulya, satunggaling kaprigelan ingkang dipunperlokaken dhirinipun, masarakat, bangsa,

saha nagari (Undang-Undang Sistem Pendidikan Nasional Nomor 20 Tahun 2003, Pasal 1 ayat (1), lumantar Wibowo, 2013: 3).

Pinten-pinten andharan kala wau saged kapendhet dudutan bilih pendhidhikan inggih menika satunggaling kagiyatan nggulawenthah minangka sarana kangge ningkataken *kwalitas*-ipun manungsa. Wondene pangertosan *mendidik* miturut Ki Hajar Dewantara inggih menika nuntun kanthi sedaya kekiyatan kodrat ingkang wonten ing siswa supados siswa menika minangka manungsa saha warga masarakat saged nggayuh kaslametan saha kabagyan (lumantar Ahmadi, 2001: 69).

b. Karakter

Tembung *karakter* salebeting kamus Inggris-Indonesia ingkang kaanggit dening John M. Echols saha Hassan Shadily (lumantar Naim, 2012: 51) gadhah pinten-pinten teges, inggih menika (1) watek, *karakter*, sipat. Tuladhanipun “watekipun sae”; (2) Peran. Teges menika dipunginakaken ing sandiwara, film, lan sajinisipun; (3) *huruf* utawi aksara. Tuladhanipun *sebuah artikel terdiri sekitar 4.000 karakter*. Saking tigang teges menika ingkang dipunrembag ing panaliten inggih menika bab watak saha sipat.

Karakter inggih menika watek, *tabiat*, *akhlak*, utawi kapribadenipun satunggaling tiyang ingkang kabentuk saking asil *internalisasi* saking kathah bab, ingkang dipunpitadosi saha dipunginakaken minangka landhesan kangge cara pandhang, menggalih, nyikapi, saha tumindak (Kemendiknas salebeting Wibowo, 2013: 13). Saking andharan pinten-pinten ahli ing nginggil menika saged kapendhet dudutan bilih *karakter* inggih menika watek ingkang dipungadhahi

satunggaling tiyang ingkang sampun wonten ing dhirinipun saha minangka dhasaran kangge tumindak. Manungsa ingkang gadhah *karakter* sae menika inggih manungsa ingkang tumindak saha sedaya bab ingkang sesambetan kaliyan panggesangan saben dinten tansah ngawrat *nilai-nilai* ingkang sae. Saben tiyang wanci gadhah titikan saha pamanggih piyambak-piyambak jumbuh kaliyan dhedhasaranipun (Naim, 2012: 60).

Nilai-nilai kangge mangun *karakter* menika manekawarni, miturut Mustari & Rahman (2014: 1-207) wonten selangkung *nilai* ingkang dados pandom kangge pendhidhikan *karakter*, inggih menika (1) *religius*; (2) *blaka*; (3) *tanggul jawab*; (4) *gesang kanthi sehat*; (5) *disiplin*; (6) *makarya kanthi temen*; (7) *percaya dhiri*; (8) *gadhah jiwa wirausaha*; (9) *mikir kanthi logis, kritis, kreatif, saha inovatif*; (10) *mandiri*; (11) *gadhah raos kepengin ngretos*; (12) *tresna dhateng seserepan*; (13) *sadhar dhiri*; (14) *nurut ing pranatan sosial*; (15) *preduli*; (16) *ngaosi tiyang sanes*; (17) *demokratis*, (18) *ekologis*; (19) *nasionalis*; (20) *pluralis*; (21) *cerdas*; (22) *remen tetulung*; (23) *tanggung*; (24) *wantun mendhet resiko*; (25) *berorientasi dhumateng tumindak*.

Sedaya *karakter* ingkang kasebataken ing nginggil menika dados kawigatosanipun *pemerintah* supados siswa saged dados tiyang ingkang *berkarakter*. *Karakter* siswa menika saged dipunbentuk saking panggulawenthah ingkang leres. Pawiyatan dados salah satunggaling bab ingkang saged mrabawani pambentuking *karakter*-ipun siswa. Guru minangka tiyang ingkang kuwajibanipun nggulawenthah siswa menika kedah mangretos kados pundi cara nggulawenthah ingkang trep supados siswa saged gadhah *karakter* ingkang sae.

E. Guru Profesional

Guru gadhah *peran* ingkang wigatos ing jagad pendhidhikan. Salebeting Undang-Undang, guru dipungambaraken minangka *pendidik* ingkang *profesional* kanthi jejibahan ingkang utami menika ndhidhik, mucal, paring bimbingan, nggulawenthah, mbiji, saha *ngevaluasi* siswa. Pramila guru kedah gadhah *kompetensi pedagogik, kompetensi kepribadian, kompetensi sosial, saha kompetensi profesional* (Sauri, 2010: 15). Jumbuh kaliyan andharanipun Soedijarto (2010: 63-64) bilih guru kedah gadhah kaprigelan anggenipun ngrembakakaken *kompetensi* saha mbentuk *karakter* siswa adhedhasar *kompetensi* ingkang sampun katetepaken. Kangge ngasilaken asil pasinaon ingkang sae, kathah bab ingkang mrabawani, salah satunggalipun inggih menika sesrawungan antawis guru kaliyan siswa. Badhe kados pundi saenipun metode ingkang dipunginakaken, ananging bilih sesrawungan antawis siswa kaliyan guru menika awon, badhe ndadosaken asil ingkang boten *maksimal* (Sardiman, 2014: 147).

Guru minangka manungsa ugi gadhah jinis kapribaden sami kaliyan siswa inggih menika *sanguinis, koleris, melankolis, saha plegmatis* (Sambas, 2017: 97-98).

1. Guru *sanguinis*, inggih menika guru ingkang saged nedahaken kawibawanipun dhateng siswa ugi saged grapyak dhateng sinten kemawon. Ananging kakirangan guru *sanguinis* menika gampil kesupen saha kirang siyaga anggenipun paring pasinaon dhateng siswa.
2. Guru *koleris* inggih menika guru ingkang migatosaken jejibahanipun minangka kuwajiban, satemah ing sesrawungan kaliyan tiyang sakupengipun

menika kirang sae. Guru *koleris* tansah gadhah pamikiran bilih piyambakipun mucal kangge pawiyatan. Minangka tiyang *koleris*, piyambakipun ngraos lepat bilih satunggal dinten kemawon boten mucal nindakaken jejibahanipun.

3. Guru *melankolis* menika preduli dhateng kawontenan sakupengipun, tuladhanipun nalika mucal piyambakipun migatosaken pangraosanipun siswa, ananging ing pasinaon piyambakipun meksa siswa kangge manut dhateng piyambakipun.
4. Guru *plegmatis* menika guru ingkang boten remen dipunalem satemah anggenipun nindakaken satunggaling bab kanthi mendel kemawon. Kapribaden guru menika jenjem saha saged nata hawa nepsunipun.

Ing salebeting pawiyatan, kedah wonten sesrawungan antawis sinten kemawon ingkang wonten ing pawiyatan menika, salah satunggalipun inggih guru kaliyan siswa. Guru kedah gadhah *kompetensi sosial* (PP No 74 tahun 2008 salebeting Suharsaputra,2013) inggih menika:

Kompetensi Sosial Guru

a. berkomunikasi lisan, tulis, dan/atau isyarat secara santun; b. menggunakan teknologi komunikasi dan informasi secara fungsional; c. bergaul secara efektif dengan peserta didik, sesama pendidik, tenaga kependidikan, pimpinan satuan pendidikan, orang tua atau wali peserta didik; d. bergaul secara santun dengan masyarakat sekitar dengan mengindahkan norma serta sistem nilai yang berlaku; dan e. menerapkan prinsip persaudaraan sejati dan semangat kebersamaan (PP No 74 tahun 2008)

Saking *Peraturan Pemerintah* ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih guru kedah saged sesrawungan kanthi ngginakaken lisan, seratan, saha/utawi *isyarat* sacara trep. Ngginakaken piranti *teknologi komunikasi* saha *informasi*. Sesrawungan ingkang *efektif* kaliyan siswa, sesami pendhidhik, sedaya

tiyang ingkang wonten ing *forum kependidikan*. Sesrawungan kanthi sopan kaliyan masarakat sakupengipun adhedhasar adat ingkang wonten. Tansah njunjung *prinsip persaudaraan saha semangat kebersamaan*. Pramila ing ngandhap menika kaandharaken kados pundi cara sesrawungan saha nggulawenthah siswa ingkang leres.

1. Narimah kawontenan siswa menapa wontenipun

Guru boten saged milih siswa ingkang jumbuh kaliyan kekajenganipun, pramila guru kedah saged narimah kawontenan siswa menapa wontenipun kanthi wicaksana. Adhedhasar menika, guru minangka tiyang ingkang nggulawenthah saged nemtokaken kados pundi caranipun kangge nggulawenthah siswa menika supados saged gadhah *karakter* ingkang langkung sae jumbuh kaliyan ancas pendhidhikan saha pasinaon (Suharsaputra, 2013: 68).

2. Migatosaken, preduli, saha tulus

Kawigatosan saged nuwuhaken sipat preduli bilih adhedhasar manah ingkang tulus. Saking kawontenan menika saged tuwuh saha ngrembaka sipat greget, sabar, saha sesrawungan kanthi tulus kaliyan siswa.

a. Kawigatosan saged nuwuhaken pangretosan

Migatosaken siswa saha mirengaken menapa ingkang dipuncariyosaken dening siswa, ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken siswa, saha cobu mangretos menapa ingkang dados prakawisipun siswa supados guru saged nemtokaken menapa ingkang badhe dipuntindakaken supados saged nggulawenthah siswa kanthi trep. Sipat-sipat ingkang nedahaken kawigatosan dhateng siswa inggih menika:

- 1) mirengaken kanthi temen;
- 2) tepang siswa sacara pribadi;
- 3) nedahaken sipat sabar, tulus, pitados, mangretos dhateng kawontenan siswa;
- 4) ngupaya kangge kabetahan siswa;
- 5) ngendika kanthi alus;
- 6) paring kawigatosan dhateng saben siswa;
- 7) ewahing badan kedah ingkang *reseptif* utawi ingkang narimah.
- 8) ngajeni pamanggihipun siswa salebeting ngrampungaken prakawis (Deiro lumantar Suharsaputra, 2013: 70).

b. Preduli nuwuhaken raos tresna

Preduli dhateng siswa menika minangka upaya guru supados siswa saged mikir, ngraos, saha tumindak sacara *sadar* bilih menapa ingkang dipunraosaken utawi dipuntindakaken dening siswa menika ugi dados kawigatosanipun guru satemah siswa menika ngraos bilih guru gadhah raos tresna saha preduli dhateng siswa (Suharsaputra, 2013: 70-71).

c. Tulus nuwuhaken raos purun ngorban

Tulus menika sipat utawi tumindak ingkang tanpa gadhah pikajeng supados dipunwales. Raos tulusipun guru nalika kawigatosan saha predulinipun dhateng siswa menika wanci supados siswa saged dados pribadi ingkang langkung sae. Raos tulus ingkang makaten menika ndadosaken guru lila kangge tumindak ingkang susahipun kados menapa kanthi raos bungah amargi tumindak menika adhedhasar raos kamanungsan saha majengipun bangsa (Suharsaputra, 2013: 71).

3. Ngajak siswa kangge tumut tanggel jawab

Guru kedah pitados dhateng siswa bilih siswa menika saged tanggel jawab. Bab menika supados siswa saged mikir, gadhah sipat saha tumindak sacara tanggel jawab. Guru kedah saged sesrawungan kaliyan siswa supados mangretos menapa ingkang dipunpikiraken, sikapipun, saha kapribadenipun siswa supados saged nemtokaken cra ingkang trep kangge ngajak siswa tumut tanggel jawab. Kanthi ngajak siswa tanggel jawab menika saged ndadosaken siswa mangretos bilih kasilipun pasinaon menika inggih kaprabawan dening tanggel jawabipun siswa saha guru. Tanpa tanggel jawab saking siswa, menapa ingkang dipuntindakaken guru inggih boten badhe kasil. Pramila bab menika wigatos sanget, ananging guru kedah ningali saking kapribadenipun siswa saderengipun *berbagi* tanggel jawab (Suharsaputra, 2013: 71-72).

4. Ndadosaken bab ingkang beda minangka *kekayaan*

Boten wonten tiyang ingkang sami, kados siswa ing pawiyatan inggih boten wonten ingkang gadhah *karakter* utawi kapribaden ingkang sami. Guru kedah narimah saha saged nggulawenthah siswa bilih bab ingkang beda menika boten dados prakawis saha kedah saged sami ngajeni. Saking maneka warni kapribaden siswa menika ingkang dados *tantangan* kangge guru supados saged nggulawenthah siswa kanthi maneka warni sipat (Suharsaputra, 2013: 72-73).

5. Ningkataken *mutu komunikasi edukatif*

Komunikasi edukatif inggih menika *komunikasi* ingkang ngginakaken pikiran, pangraosan, saha tumindak ingkang sesambetan kaliyan pendhidhikan, ngindhakaken seserepan, moral, saha sosial.

a) Pitados dhateng siswa

Raos pitados ing saben manungsa sagd nuwuhaken bab ingkang sae saha minangka cara kangge ngraketaken sesrawungan ingkang sae saha anggenipun nggulawenthah. Bab menika kedah tansah dipunsengkuyung supados saged tuwuh *komunikasi edukatif* ingkang saged ndadosaken swasana pasinaon saged kangge nggulawenthah siswa ing bab *nilai* saha mangun *karakter* siswa (Suharsaputra, 2016: 75).

b) Ngajeni saha ngormati siswa

Sinten kemawon mesthi kepengin dipunormati, boten kajawi siswa utawi siswa kita. Pramila kita minangka guru boten wonten alesan kangge boten ngaosi siswa. Amargi sipat sami ngaosi menika bilih dipuntindakaken saking guru saha siswanipun inggih badhe dados sesrawungan ingkang raket satemah ndadosaken swasana ing kelas langkung *kondusif* kangge sinau (Suharsaputra, 2013: 76-77).

6. Mlebet kelas kanthi mesem saha mucal kanthi *efektif*

Esem menika minangka basaning badan ingkang ngetingalaken raos seneng utawi sumringah. Sedaya tiyang remen kaliyan eseman. Eseman menika minangka cara kangge njenjemaken manahipun sanessaha saged nuwuhaken sesrawungan ingkang sae. Pramila supados siswa menika greget anggenipun sinau, guru prayoginipun mlebet ing kelas kanthi mesem (Suharsaputra, 2016: 77).

7. Tumindak *produktif* salebeting pasinaon

Supados pasinaon saged katindakaken kanthi *kondusif*, guru kedah nindakaken saperangan bab ingkang saged nuwuhaken gregeting siswa kangge

sinau. Katah tumindak ingkag saged ngiyataken swasana ingkang ngremenaken kangge siswa salebeting wekdal pasinaon. Ing ngandhap menika saperangan tumindak ingkang prayoginipun dipuntindakaken dening guru supados swasana sinau langkung ngremenaken.

Kaping pisan inggih guru kedah mucal kanthi *percaya diri*, kuwaosi *materi* pasinaon ingkang badhe dipunandharaken kaliyan siswa. Kepara malah boten ngginakaken cathetan nalika ngandharaken, ananging wicantenipun kedah teges saha gamblang. Bab menika ndadosaken siswa tansah mikir bilih guru menika mangretos temen menapa ingkang kaandharaken.

Kaping kalih inggih mangretosi nama siswa ingkang wonten ing kelas kasebat. Kanthi guru nyebataken nama siswa menika saged ngraketaken sesrawungan antawis guru saha siswa. Siswa ugi ngraos bilih guru menika migatosaken siswa.

Kaping tiga guru kedah gadhah *karakter* ingkang wicaksana. Guru kedah mangretos bilih siswa menika gadhah *karakter* saha kapinteran ingkang maneka warni. Wonten ingkang rikat anggenipun mangretos ingkang dipunsinau, wonten ingkang sedheng-sedheng, ugi wonten ingkang randhat, kepara malah randhat sanget. Pramila cara ingkang trep anggenipun paring andharan dhateng siswa ingkang randhat pamikiranipun nalika ing pasinaon menika kanthi ngandharaken ngginakaken tuladha-tuladha ingkang wonten ing panggesangan saben dinten.

Kaping sekawan, Suharsaputra ngandharaken bilih guru kedah ngupaya tansah bingah ing ngajeng kelas, saha paring lelucon ingkang pinter nalika ing

piwucalan. Gumujeng menika minangka lem ing satunggaling *kelompok* ingkang saged mangun raketipun sesrawungan salebeting nindakaken satunggaling bab

Kaping gangsal, saged meper hawa nepsu (*emosi*), guru sampun gampil duka saha alit manahipun. Siswa ingkang kita wucal menika inggih maneka warni watek saha budayanipun. Duka nalika ing kelas menika ndadosaken swasana dados boten eca, siswa dados tegang satemah saged mrabawani pamikiran siswa kangge narima pasinaon ingkang dipunandharaken.

Kaping nem, ngupaya kangge mangsuli saben pitakenan ingkang dipunuwuni priksa kaliyan siswa. Sampun ndukani siswa ingkang asring nyuwun priksa. Guru kedah ngupaya kangge mangsuli pitakenan siswa kanthi sae. Sampun maido pitakenan siswa ingkang medal saking *konteks*, amargi saged ndadosaken siswa lajeng ajrih bilih badhe nyuwun priksa.

Kaping pitu, blaka. Bilih wonten pitakenan ingkang boten saged dipunwangsuli guru, andharaken dhateng siswa sacara blaka bilih guru dereng mangretos satemah badhe pados ngretos utawi ngajak siswa supados saged madosi sesarengan.

Kaping wolu, boten gumedhe ing sangajengipun siswa, sae nalika nembe wonten ing piwucalan utawi wonten ing papan sanesipun. Sampun ngawonaken siswa ing sangajengipun tiyang kathah, menawi siswa menika lepat prayoginipun dipuntimbali lajeng dipunparingi pitutur kanthi sae.

Kaping sanga, nindakaken patrap ingkang adil saha imbang. Guru sampun ngantos mbeda-mbedakaken siswa, boten paring pangalem kanthi linangkung tumrap siswa ingkang pinter ing sangajengipun siswa ingkang kirang pinter.

Menawi wonten lepat ingkang prelu kaparingan paukuman dipnrembag kanthi sesarengan saha adil tanpa pambeda (Suharsaputra, 2016: 78-81).

8. Dados guru ingkang *inspiratif*

Suharsaputra ngandharaken bilih kangge nggulawenthah siswa menika minangka proses nebihaken saha nyaketaken antawis menapa ingkang dipunpikiraken guru kaliyan menapa ingkang dipunpikiraken saha dipunkajengaken siswa. Cara ingkang trep inggih menika kanthi ngraketaken sesrawungan kanthi mbeta dunyanipun siswa dhateng dunyanipun guru saha sawangsulipun satemah sami-sami mangretosi. Guru saged paring *inspirasi* dhateng siswa kanthi paring tuladha ingkang caket kaliyan dunyanipun (2013: 82).

F. Metodhe Nggulawenthah Siswa adhedhasar Kapribadenipun

Siswa menika kedah dipungulawenthah adhedhasar kapribadenipun supados asilipun langkung sae saha trep kaliyan kados pundi ingkang dipunpenginaken siswa menika satemah saged sinau kanthi bingahing manah. Ing nginggil sampun kaandharaken bab kapribadenipun siswa, ing ngandhap menika kaandharaken bab metodhe nggulawenthah siswa miturut kapribadenipun.

1. Cara Nggulawenthah Siswa *Sanguinis*

Siswa *sanguinis* gadhah pribadi ingkang remen surak-surak, remen bab ingkang bingah, kathah tumindakipun, saha grapyak. Piyambakipun remen pados kawigatosan, katresnan, saha panyengkuyung saking tiyang sanes. Siswa *sanguinis* menika grapyak, remen cariyos, saha remen wicanten kaliyan sinten kemawon. Ananging, siswa *sanguinis* menika kirang migatosaken bab ingkang

rajin, alit manahipun, saha asring ngageng-agengaken prakawis supados pikantuk kawigatosanipun tiyang kathah (Muhadi, 2016: 109-110).

Cara srawung kaliyan siswa *sanguinis* ingkang gadhah kapribaden *aktif* saha remen dipunwigatosaken inggih menika:

- 1) wicara kanthi greget saha *antusias*;
- 2) ngginakaken tetembungan ingkang saged ndadosaken greget saha boten ngawon;
- 3) ngginakaken gambar utawi *ilustrasi* nalika njlentrehaken;
- 4) paring pangalem kanthi tulus;
- 5) mangun sesrawungan kadosta kancanipun, boten kaken tumindakipun;
- 6) *fokus* kaliyan menapa ingkang dipunngendikakaken, boten asring gegujengan;
- 7) boten *debat* bab *detail* saking satunggaling bab;
- 8) ewahipun badan kedah greget (Liaw, 2009: 3).

Andharanipun menika dipunsengkuyung dening andharanipun Isnawati. Isnawati ngandharaken bilih siswa menika minangka manungsa ingkang wetah, manungsa kanthi sedaya sipat, tindak-tanduk, kapribaden, saha sedaya bab ingkang kaprabawan ing sakupengipun. Pramila siswa boten namung manungsa ingkang kedah dipungulawenthah kemawon, ananging siswa ugi kedah pikantuk tresna asih, minangka tiyang ingkang kedah dipungulawenthah, saha minangka mitra ingkang kedah dipunajeni. Guru ingkang gadhah pamikiran *positif* kedah saged mangretos kados pundi caranipun kangge nggulawenthah siswa, inggih menika kanthi nggulawenthah minangka siswa, nganggep minangka putranipun piyambak ing pawiyatan, saha minangka mitra sae (Isnawati, 2010: 30).

Supados siswa boten bosen salebeting piwucalan, guru kedah saged nggambar utawi ngginakaken gambar kangge mahyakaken dudutan saking satunggaling pasinaon amargi siswa ugi langkung saged ngenget-enget bilih dipunwujud ngangge gambar utawi barang (Isnawati, 2010: 76). Pangandikan ingkang sampun kaandharaken dening boten pareng dipunewah-ewahi. Guru ingkang gadhah tanggel jawab inggih menika guru ingkang saged nyepeng menapa ingkang sampun kaucapaken (Isnawati, 2010: 131). Guru kedah gadhah kaluwesan anggenipun mucal, guru ingkang luwes menika salah satunggaling titikan inggih ingkang gadhah raos *antusias*, bab menika saged nampilaken greget anggenipun badhe mucal pramila saged nularaken gregetipun dhateng siswa. bilih wonten saperangan cara supados siswa katarik manahipun kangge nggatosaken andharanipun guru inggih menika bilih wonten *kontak mata* kaliyan siswa, pasuryanipun nedahaken *ekspresi*, swantenipun dipuncocogaken kaliyan menapa ingkang dipunandharaken, ewahing badang kedah greget (Isnawati, 2010: 132-134).

Nalika ngadhepi siswa *sanguinis*, guru kedah enget bilih siswa menika boten remen tindak-tanduk ingkang ketingal loyo, lemes, aras-arasen, sayah, boten sumringah, lan sapanunggilanipun. Guru utawi tiyang ingkang gadhah tindak-tanduk ingkang kados menika bakal boten saged srawung kanthi sae saha gancar kaliyan siswa *sanguinis*. Siswa menika ngraos sayah piyambak bilih kedah tumut tiyang ingkang klelar-kleler, pramila guru kedah tansah ngetingalaken greget saha sumringah (Muhadi, 2016: 111).

Wondene miturut Muhadi (2016) cara ingkang trep kangge nggulawenthah siswa *sanguinis* menika saking *pendekatan komunikasi*. Cara nggulawenthah siswa *sanguinis* dipunandharaken kanthi langkung gamblang ing ngandhap menika.

1) Paring *Apresiasi*

Maringi *apresiasi* dhateng satunggaling bab ingkang sampun dipuntindakaken siswa menika wigatos sanget. Ananging tasih kathah guru ingkang kirang paring *apresiasi* dhateng siswa kamangka siswa menika sampun nedahaken asil pakaryanipun. Paring *apresiasi* menika gadhah mumpangat ingkang temen dhateng *psikologis* siswa. Siswa boten sayogyanipun namung dipundukani nalika nindakaken kalepatan ananging ugi merlokaken *apresiasi* sanadyan ingkang dipuntindakaken menika dereng leres saestunipun.

Salah satunggilipun mumpangat saking paring *apresiasi* menika ndadosaken siswa ngraos bingah. Bab menika saged ndadosaken *mental* siswa langkung sae. *Apresiasi* awujud pangalem saha bebingah saged ndadosaken siswa langkung sumringah saha greget. Siswa badhe langkung sae anggenipun sinau bilih kawotenanipun bingah, utaminipun bilih tumindak saha asil pakaryanipun dipun-*apresiasi*.

Apresiasi ugi saged ngrembakakaken tumindakipun siswa ingkang sae dados tumindak ingkang dipuntindakaken saben dinten. Awit saking menika tumindak ingkang sae saben dinten menika ndadosaken *karakter* ingkang saged mujudaken budi pakarti luhur saha nemtokaken kados pundi siswa menika tuwuh ing mangsa samangke (Muhadi, 2016: 112-114).

2) Nggulawenthah Siswa supados Ngatos-Atos anggenipun Matur

Siswa *sanguinis* menika kalebet siswa ingkang ceplas-ceplos anggenipun matur tanpa pamikiran ingkang temen. Guru saged ngelikaken kanthi paring tuladha pangandikan ingkang sae. Pramila guru kedah ngatos-atos anggenipun ngendika utawi tumindak, amargi siswa menika bakal niru menapa ingkang dipuntindakaken gurunipun.

3) Nggulawenthah Siswa supados Boten Dora

Siswa *sanguinis* menika remen ngageng-agengaken prakawis. Bab menika nedahaken bilih siswa *sanguinis* menika caket sanget kaliyan tumindak dora kangge damel-damel cariyos supados narik kawigatosan tiyang sanes (Aziz, 2010:

2). Kados pundi nggulawenthah siswa supados boten dora? Ing ngandhap menika cara kangge nggulawenthah siswa *sanguinis* supados boten dora.

- a) paring tuladha ingkang sae kanthi ngendika utawi cariyos kados menapa wontenipun, boten dipundamel-damel;
- b) sampun ngantos duka saha nggetak siswa *sanguinis* ing ngajengipun tiyang kathah;
- c) paring pangalem utawi bebingah bilih siswa *sanguinis* saged matur jujur;
- d) ngekahaken sesrawungan kaliyan siswa *sanguinis* menika saged nuwuhaken raos pitados saha sami ngaosi;
- e) paring pangretosan saha andharan bab tundhon ingkang dipuntuwuhaken amargi dora;
- f) paring ukuman ingkang sipatipun sae, saged kangge panggulawenthah siswa *sanguinis* menika;

g) paring pangretosan bilih dora kanthi dhasar menapa kemawon menika boten pareng dipuntindakaken amargi kalebet tumindak ingkang awon (Muhadi, 2016: 116-118).

Isnawati ugi ngandharaken bilih ngekahaken sesrawungan saged ndadosaken guru langkung mangretosi *karakter* siswanipun, kanthi makaten sesrawungan antawis guru kaliyan siswa menika saged langkung raket kepara malah saged kados sesrawunganipun antawis siswa saha tiang sepuhipun (2010: 87). Guru kedah saged ngrampungaken prakawis-prakawis ingkang dipundamel siswa. Ananging biasanipun guru lajeng duka saha paring ukuman dhateng siswa nalika lepat. Tumindak menika kedah dipunsingkiri, langkung sae bilih saderengipun paring ukuman menika cobu kangge paring pitakenan kaliyan siswa ingkang boten asipat ndakwa (Isnawati, 2010: 39).

4) Paring Pangalem

Pangalem menika saged nuwuhaken raos pitados dhateng dhiri pribadinipun siswa, saged nuwuhaken tumindak ingkang sae, saha paring pamikiran dhateng piyambakipun bilih menapa ingkang dipuntindakaken menika leres saha sreg ing manahipun guru. Pangalem menika saged dipuntindakaken kanthi manekawarni cara, kadosta kanthi tetembungan, ngacungaken jempol, nyikep, saha sanesipun. Sedaya menika saged dados panyengkuyung dhateng siswa kangge tumindak ingkang langkung sae tinimbang saderengipun (Muhadi, 2016: 119). Wondene Isnawati (2010: 84) ngandharaken bilih guru saged paring pangalem utawi kepluk bilih siswa kasil anggenipun mangretosi pasinaon, sae sacara sampurna menapa dene kirang sampurna. Pangalem utawi *apresiasi* saged

nuwuhakaken *motivasi* utawi gregetipun siswa kangge sinau langkung sregep malih. Siswa minangka manungsa inggih mesti kemawon badhe tuwuh raos remen saha mongkog satemah saged langkung remen anggenipun sinau.

5) Ngancani Siswa nalika Sinau

Nalika sinau siswa asring kangelan anggenipun nggarap utawi nindakaken satunggaling bab. Bilih guru ngancani siswa anggenipun sinau, siswa saged nyuwun priksa dhateng guru lajeng saged langsung dipunwangsulit utawi dipunrewangi. Awit saking menika ugi saged ndadosaken siswa kangge ngunggulaken malih asil pasinaon utawi kaprigelanipun (Muhadi, 2016: 122).

2. Cara Nggulawenthah Siswa *Koleris*

Siswa *koleris* menika remen pados seserepan. Piyambakipun *disiplin* saha remen nindakaken *tantangan*. Ananging, tekad ingkang linangkung menika gadhah tandhon saged nyebabaken siswa *koleris* dados *gila kerja*, ngraos ingkang langkung leres, angkuh, saha boten preduli dhateng raosipun tiyang sanes.

Siswa *koleris* menika kadhang kala boten purun ngawon saha boten gampang dipunangkahaken. Pramila, nalika sesrawungan kaliyan siswa *koleris* menika kedah ngatos-atos anggenipun ngendika. Sampun ngantos ngendika tanpa saged nedahaken kawontenan ingkang saleresipun (*fakta*) saking menapa ingkang kita ungelaken. Bilih badhe nyuwun siswa *koleris* nindakaken satunggaling bab, kedah ngandharaken ancas saha mupangatipun kanthi gamblang (Muhadi, 2016: 131-132).

Awit saking menika, wonten saperangan cara kangge sesrawungan kaliyan siswa *koleris* inggih menika, sepisan, wicanten kanthi teges, sampun ewah-ewah.

Kaping kalih, wicanten kanthi runtut saking wiwitan, tengah, ngantos pungkasan. Kaping tiga, sampun ngginakaken tetembungan kadosta tembung “bok menawi”, saha tembung sanesipun ingkang ngewrat teges boten mesthi. Kaping sekawan, sampun paben bilih boten saged nedahaken *data* ingkang leres kangge pamanggihipun kita. Kaping gangsal, paring kalodhangan dhateng siswa *koleris* kangge mahyakaken pamanggih utawi pamikiranipun kanthi tuntas. Kaping nem, paring pangalem saprelunipun dhateng menapa ingkang sampun katindakaken kanthi sae (Liaw, 2009: 8).

Cara nggulawenthah siswa *koleris* ingkang gadhah sipat *keras kepala* saha remen marentah tiyang sanes, ing ngandhap menika cara ingkang saged dipuntindakaken kangge nggulawenthah siswa *koleris*.

a. *Menyentuh logika* saha pikiran

Siswa *koleris* menika remen kaliyan bab ingkang teges saha tansah mikir ingkang *rasional*. Bilih piyambakipun nindakaken kalepatan dene kita badhe ngelikaken, menapa ingkang kita ngendikakaken kedah saged dipuntampi kaliyan pamikiranipun siswa *koleris* (Muhadi, 2016: 133). Guru dipunkedahaken saged ngginakaken basa saha tembung ingkang sae saha mbobot. Langkung sae basanipun, langkung mbobot tetembungan ingkang kaandharaken inggih ndadosaken siswa langkung pitados dhateng kasagedan guru (Isnawati, 2010: 57).

b. Mangun raos *percaya diri*

Sipat pitados dhateng dhiri menika boten minangka sipat turunan ingkang sampun wonten nalika jabang bayi lair, ananging dipunbentuk saking kawontenan sakupengipun, utaminipun kulawarga minangka masarakat ingkang langkung

caket kaliyan siswa. *Karakter* pitados dhateng dhiri pribadi siswa kasebat kedah dipunwangun kanthi cara paring pangalem utawi bebungah. Tumindak menika maringi *stimulus* dhateng siswa satemah sipat pitados dhateng dhirinipun siswa menika piyambak saged tuwuh (Muhadi, 2016: 134).

c. Ngaosi pepenginan siswa

Guru kedah gadhah sipat ngaosi siswa, sanadyan pepenginan siswa menika boten saged dipunwujudaken. Sampun ngantos guru menika tansah meksa siswa kangge nindakaken sedaya ingkang dipunkersakaken, menika bakal ndadosaken siswa boten pitados dhateng dhirinipun (Muhadi, 2016: 134-135).

d. Nanemaken *citra* dhiri ingkang sae

Damel siswa ngraos bilih piyambakipun menika minangka satunggaling siswa ingkang saged damel bombong manah gurunipun. Kanthi makaten siswa bakal sinau kanthi temen supados saged damel guru langkung bombong manahipun amargi kasil anggenipun nggulawenthah siswa menika (Muhadi, 2016: 135).

e. Dados pamireng ingkang sae

Wonten ing kawontenan kados menapa kemawon, guru kedah ngupaya mirengaken siswa kanthi raos welas asih. Bilih siswa wonten prakawis, cobilah kangge paring pamanggih supados prakawis siswa menika saged rampung (Muhadi, 2016: 135).

f. Dipunangkahaken ing kagiyatan ingkang dipunremeni siswa

Guru paring pambiyantu dhateng siswa kangge mangretosi kagiyatan menapa ingkang dipunremeni. Kadosta remen nembang, remen nggambar utawi

remen beksa, guru kedah saged nyengkuyung menapa ingkang dipunremeni siswa saha *bakat* ingkang dipungadhahi, sampun ngantos meksa siswa supados nindakaken kagiyatan ingkang boten dipunremeni (Muhadi, 2016: 135).

g. Sampun kesesa paring paukuman

Sampun kesesa paring ukuman dhateng siswa *koleris* ingkang nindakaken kalepatan. Siswa *koleris* menika boten remen dipunukum. Ing ngandhap menika cara supados siswa *koleris* mangretos kalepatanipun (Muhadi, 2016: 138-141).

1) Paring ngretos kalepatanipun siswa kanthi raos welas asih

Kathah guru ingkang duka kaliyan siswanipun kanthi ngetingalaken pasuryan ingkang ngajrih-ajrihi. Cobi paring ngretos dhateng siswa *koleris* menika kanthi raos welas asih saha kanthi pasuryan ingkang jenjem. Ngendika kanthi tetembungan ingkang alus saha paring pangalem menika langkung ndadosaken siswa *koleris* ngraos dipuntresnani, satemah piyambakipun bakal ngupaya boten malih nindakaken kalepatan ingkang sampun kalampahan.

2) Boten nyebataken kalepatan ing ngajeng tiyang kathah

Siswa *koleris* bakal ngraos lingsem sanget nalika kalepatanipun dipunsebataken ing ngajengipun tiyang sanes. Awit saking menika, sampun ngantos nindakaken bab menika. Langkung becik ngendika dhateng siswa nalika nebe tiyang kalih kemawon.

3) Ngendika kanthi ngginakaken tetembungan ingkang sae

Guru asring ngginakaken tetembungan ingkang kasar nalika nuturi siswa. Kamangka, menawi kados makaten siswa malah dados langkung duka, boten purun manut, saha saged nuladaken. Kosok wangsulipun, bilih guru menika

ngginakaken tetembungan ingkang sae, siswa bakal asring mirengaken ukara-ukara ingkang sae satemah piyambakipun saged marsudi kangge urmat dhateng tiyang sanes.

4) Sampun ngemutaken kalepatanipun siswa ingkang sampun kalampahan

Siswa boten remen bilih kalepatan ingkang sampun kalampahan menika dipunsebataken malih. Bab kasebat ndadosaken siswa ngraos bilih anggen piyambakipun ngupaya kangge ndadosaken dhiri langkung sae saha boten nindakaken kalepatan malih boten dipunajeni.

h. *Mengontrol* kapitadosan dhirinipun siswa

Siswa *koleris* menika gadhah raos pitados dhateng dhiri ingkang inggil. Menawi boten saged ngolah kanthi wicaksana, bakal nuwuhaken raos umuk. Wonten saperangan cara supados siswa saged ngolah kapitadosan dhateng dhirinipun inggih menika, sepisan, sampun asring paring pangalem dhateng siswa *koleris*. Kaping kalih, damel saperangan pranatan ingkang saged mbiyantu siswa kangge mangretosi menapa ingkang angsal dipuntindakaken ugi menapa ingkang boten angsal dipuntindakaken. Pranatan menika ingkang *fokus* dhateng tumindak ngormati tiyang sanes. Kaping tiga, bilih siswa nindakaken kalepatan, guru kedah maringi ngretos kanthi alus supados siswa saged nampi *konsekwensi* saking tumindakipun ingkang lepat (Muhadi, 2016: 142).

i. Paring *stimulasi kepemimpinan*

Siswa *koleris* gadhah *bakat* kangge dados pangarsa. Awit saking menika, *bakat* kedah tansah dipunjagi saha dipunrembakakaken supados saged ngrembaka kanthi sae (Muhadi, 2016: 143).

3. Cara Nggulawenthah Siswa ingkang Kapribadenipun *Melankolis*

Siswa *melankolis* menika kirang bingah tiyangipun. Bab menika amargi siswa *melankolis* langkung ngutamakaken pamikiran tinimbang tumindak. Pramila, siswa menika langkung asring ngginakaken pikiran tinimbang pangraosan kangge nindakaken satunggaling bab.

Siswa *melankolis* menika gadhah sipat ingkang alit manahipun, pramila bilih badhe aruh-aruh dhateng siswa *melankolis* menika kedah alus ngendikanipun. Ing bab menika langkung becik bilih aruh-aruh menika ingkang asipat dhawuh dhateng siswa. Bilih siswa *melankolis* boten saged ngrampungaken dhawuh, sampun langsung duka saha ngawon-awon. Bab ingkang kedah dipuntindakaken inggih menika maringi panyaruwe ingkang saged ndadosaken siswa nampi bilih menapa ingkang dipuntindakaken menika lepat. Inggih perlu dipunemut bilih siswa *melankolis* ingkang *perfeksionis* menika asring nglepataken dhiri pribadhi, pramila sampun ngantos guru nambah nglepataken satemah siswa *melankolis* saged ngraos lepat sanget.

Saperangan bab ingkang kedah dipungatosaken nalika sesrawungan kaliyan siswa awatek *melankolis*. Sepisan, ngginakaken *fakta* saha *data* ingkang leres. Kaping kalih, ngirangi gegujengan ingkang linangkung. Kaping tiga, ngginakaken tetembungan ingkang *realistis* saha *faktual*. Kaping sekawan, paring wekdal dhateng siswa sasampunipun paring wejangan. Kaping gangsal, paring kalodhangan dhateng siswa supados saged ngaturaken bab rengrengan pamanggihipun ngengingi satunggaling bab. Kaping nem, sampun nedahaken pasuryan ingkang bosen utawi boten remen kaliyan menapa ingkang

dipunaturaken. Pungkasan, sampun ngendika ngginakaken tetembungan ingkang sipatipun paring *motivasi* ingkang linangkung (Muhadi, 2016: 147-148).

Gegujengan wanci prelu kangge ndadosaken swasana langkung bingah, ananging sampun ngantos gegujenganipun linangkung utawi dados ngawon-awon siswa dados gegujengan amargi siswa sedhihan boten remen bab menika. Awit saking menika guru anggenipun nglucu inggih saprelunipun kemawon. Supados saged gadhah sumber lelucon ingkang sae, guru kedah kathah maos buku lelucon ingkang ngawrat wos ingkang imbang antawis pendhidhikan saha leluconipun. Kanthi makaten siswa boten namung pikantuk bingahipun ananging ugi saged pikantuk wos pasinaonipun (Isnawati, 2010: 56). Umumipun siswa *melankolis* menika gadhah sipat ingkang sedayanipun kedah sampurna (*perfeksionis*). Ing ngandhap menika cara kangge nggulawenthah siswa *melankolis*.

a. Paring pangretosan

Tiyang *perfeksionis* tansah gadhah pepenginan kangge nindakaken satunggaling bab kanthi sampurna. Kamangka, ingkang kedah dipuntindakaken menika ngupaya kangge nggayuh ancas utawi makarya kanthi temen supados pikantuk ingkang langkung sae. *Perfeksionalisme* malah saged ndadosaken kaprigelan siswa *melankolis* boten tuwuh kanthi sampurna. Supados boten kadadosan kados makaten, guru kedah saged mbiyantu siswa kangge ngandhapaken *standar* satunggaling bab. Andharaken bilih kasampurnan menika namung gadhahanipun Gusti saha saben manungsa menika mesthi kemawon nate gagal.

Cara ingkang saged dipuntindakaken guru kangge sesrawungan kaliyan siswa *melankolis*, inggih menika sepisan, sampun ngginakaken cara nggulawenthah ingkang nginakaken hawa nepsu kanthi linangkung. Kaping kalih, sampun asring aruh-aruh dhateng menapa ingkang dipuntindakaken siswa *melankolis*, menika saged ndadosaken siswa *melankolis* endha saking kathah kagiyatan amargi ajrih dipunaruh-aruh.

Kaping tiga, sampun nggulawenthah kanthi cara ingkang langkung *formal* amargi saged ndadosaken siswa *melankolis* taat sanget kaliyan tata krama saha ajrih bilih mangkih dipundukani. Kaping sekawan, sampun bandhingaken siswa *melankolis* kaliyan siswa sanes, menika saged njalari siswa kepengin nindakaken satunggaling bab ingkang langkung sampurna (Muhadi, 2016: 149-150).

b. Mangun kapitadosan dhiri siswa

Siswa *melankolis* menika *sensitif*, remen dhateng gesang ingkang tumata, saha kathah damel rantaman. Guru kedah nuwuhaken gregetipun siswa kanthi paring *motivasi*. Sampun ngantos malah ngawon-awon utawi nyepelekaken siswa *melankolis*, bab menika malah saged ndadosaken siswa nglokro. Guru ugi boten pareng ngece amargi miturut siswa *melankolis* kalepatan menika boten lucu ananging nglingsemaken. Ing ngandhap menika cara mangun kapitadosan dhiri siswa *melankolis* (Muhadi, 2016: 151).

1) Sampun ngajrih-ajrihi

Kedah dipunmangretosi bilih kabudayan ngajrih-ajrihi menika saged ndadosaken siswa dados *pesimis*. Guru langkung becik paring pangretosan dhateng siswa ngengingi dhasaripun satunggaling bab boten pareng

dipuntindakaken. Kanthi cara makaten, siswa bakal mangretos dhasar ingkang gamblang kangge nilaraken bab ingkang lepat menika (Muhadi, 2016: 152).

2) Sampun dukani tanpa dhasar ingkang weca

Kados menapa kemawon tumindak siswa, guru boten dipunleresaken kangge duka dhateng siswa. Ananging boten ateges boten pareng duka, guru pareng duka bilih gadhah dhasar ingkang weca ingkang saged ndadosaken siswa menika emut dhateng kalepatanipun saha boten badhe ngambali malih (Muhadi, 2016: 152). Guru kedah saged mangretosi kalepatan-kalepatanipun siswa minangka kalepatan ingkang limrah dipuntindakaken siswa ingkang kadang kala dereng saged mbedakaken pundi bab ingkang sae saha bab ingkang awon. Kadang kala siswa nindakaken satunggaling kalepatan amargi wanci piyambakipun boten mangretos menapa ingkang dipuntindakaken menika lepat (Isnawati, 2010: 61).

3) Ngajak siswa supados saged ngrampungaken prakawis

Ing wekdal tartamtu, siswa prelu dipunajak kangge mutusaken prakawis ingkang sesambetan kaliyan dhirinipun. Nggulawenthah siswa kangge saged mutusaken prakawis menika bakal ndadosaken kapitadosan dhateng dhiri menika langkung sae (Muhadi, 2016: 152-153).

4) Sampun nguja pepenginanipun siswa

Siswa ingkang asring dipunuja menika malah dados gumantung dhateng gurunipun. Pramila, sampun ngantos sipat menika dipunbekta

ngantos diwasa (Muhadi, 2016: 153). Amargi bab menika saged ndadosaken siswa boten saged *mandiri*.

5) Tansah njagi sesrawungan

Ing kawontenan kados menapa kemawon, guru kedah tansah paring wekdal kangge wicantenan kaliyan siswa. Ajak siswa kangge mikir kanthi *kritis* anggenipun ngadhepi sadaya prakawis (Muhadi, 2016: 153). Guru ingkang gadhah pamikiran *positif* kedah saged mangretos kados pundi caranipun kangge nggulawenthah siswa, inggih menika kanthi nggulawenthah minangka tiyang sepuhipun siswa, nganggep minangka putranipun piyambak ing pawiyatan, saha minangka mitra sae (2010: 30). Guru kedah nyepeng sedya kangge dados mardi sewaya ingkang bekti dhateng bangsa saha nagari. Ing salebeting manahipun guru kedah wonten raos kuwajiban ingkang mulya. Sedyaaaken anggenipun tindak dhateng pawiyatan menika inggih minangka satunggaling upaya kangge nggulawenthah dhiri pribadi (Isnawati, 2010: 48-49).

6) Mbiyantu siswa kangge manggihaken karemenanipun

Manggihaken menapa ingkang dipunremeni siswa lajeng guru mbiyantu siswa kangge saged mlebet ing kagiyatan kasebat, kadosta mbeksa, nggambar, nembang, utawi kadosta bab itung-itungan, nyerat, lan sapanunggilanipun (Muhadi, 2016: 154).

7) Nggulawenthah supados gadhah sipat remen paring pangapunten

Saben tiyang menika nate nindakaken kalepatan. Kanthi nggulawenthah siswa kangge purun paring pangapunten saged ngemutaken siswa bilih

piyambakipun ugi nate damel lepat saha ngantos-antos pangapunten saking sesama, pramila piyambakipun ugi kedah saged paring pangapunten dhateng sesama (Muhadi, 2016: 154).

8) Ngemutaken siswa bilih sesrawungan menika wigatos

Sesrawungan menika saged ndadosaken kita gesang kanthi langkung kiyat. Kekancan saged nuwuhaken sesrawungan ingkang sami nyengkyung nalika siswa gagal (Muhadi, 2016: 154-155).

9) Nggulawenthah siswa kangge netepaken gegayuhan

Guru becikipun paring pangretosan dhateng siswa ngengingi kaprigelanipun. Paring pitulungan dhateng siswa ngrantam saperangan cara kangge mujudaken gegayuhan ingkang alit. Salajengipun, guru saged nggulawenthah siswa kangge nggayuh ancas ingkang tasih saged dipungayuh dening siswa. Nalika kasil kangge mujudaken gegayuhanipun, siswa ngraos langkung pitados dhateng dhirinipun saha ngraos bingah (Muhadi, 2016: 155-156).

10) Nggulawenthah siswa supados marsudi kanthi tumata kangge mujudaken asil ingkang langkung sae

Siswa mbetahaken kawontenan ingkang imbang antawisipun sinau, damel tugas, saha dolanan. Sadaya menika saged imbang bilih saged *mengatur* wekdal kanthi *efektif*. Guru saged damel pasinaon langkung ngremenaken kanthi ngginakaken cara pasinaon ngangge film, dolanan, diskusi, lan sapanunggilanipun (Muhadi, 2016: 133).

11) Nggulawenthah siswa kangge tanggel jawab saha tumindak kanthi temen

Nggulawenthah siswa boten sami kaliyan nggulawenthah tiyang diwasa. Siswa keda saged mangretos bilih menapa ingkang dipuntindakaken menika saged mrabawani tiyang sanes saha wonten tiyang ingkang betahaken piyambakipun, sae ing wekdal menika menapa dene ing wekdal tembe. Siswa bakal mangretos bilih pakaryan menika kedah dipuntindakaken kanthi tanggel jawab saha temen (Muhadi, 2016: 156-157).

12) Mangretos pangraosan siswa

Siswa *melankolis* betahaken guru ingkang *proaktif*. Kanthi sipat kasebat, guru saged mangretos dunyanipun siswa saha sedaya ingkang dipunraosaken siswa. Pramila, guru kedah saged mangretos menapa ingkang dipunraosaken siswa supados siswa purun cariyos menapa kemawon prakawis ingkang dipunlampahi. Kanthi makaten, guru saged mbiyantu siswa kangge ngrampungaken prakawis. Ananging nindakaken menika kedah kanthi tulusing manah, amargi boten gampil anggenipun mlebet saha mangretos pangraosanipun siswa *melankolis* (Muhadi, 2016: 157).

13) Paring panyaruwe tanpa nglarani manah

Guru asring paring panyaruwe siswa kanthi kasar tanpa mangretosi pangraosan siswa. Siswa *melankolis* ingkang dipunsugati kados makaten bakal menggali bilih guru menika boten tresna dhateng piyambakipun (Muhadi, 2016: 159). Nyaruwe kanthi kasar utawi duka dhateng siswa menika minangka *bullying* ingkang gadhah pangaribawa ingkang awon dhateng pangrembakaning siswa. Langkung awon malih, *bullying* saged

ndadosaken siswa *depresi*, ngraosaken sedhik saha sepi ingkang sanget (Priyatna, 2010: 121). *Bullying* dhateng siswa ugi saged mrabawani *prestasi* siswa, biji saged mandhap, siswa kirang *konsentrasi*, gadhah sikap boten remen nindakaken pasinaon, saha boten purun tumut kagiyatan (Thompson, 2003: 94).

14) Paring wekdal kangge siswa piyambakan

Siswa *melankolis* boten remen bab-bab ingkang rame. Piyambakipun saged dados linglung utawi bingung nalika wonten ing kawontenan ingkang rame, pating blegkrah, utawi boten tumata kanthi sae. Bab menika amargi siswa *melankolis* remen dhateng sedaya bab ingkang tumata. Pramila prayoginipun siswa *melankolis* menika gadhah panggenan kangge miyambak, bilih siswa ketingal miyambak saha dolanan piyambak inggih sampun dipunarih-arih, sakorsa siswa menika kemawon.

4. Cara Nggulawenthah Siswa ingkang Kapribadenipun *Plegmatis*

Siswa *plegmatis* menika siswa ingkang imbang sedayanipun. Piyambakipun siswa ingkang remen tetulung saha damel bingah tiyang sanes. Siswa *plegmatis* ugi gampang sesrawungan saha sabar. Ananging piyambakipun ugi siswa ingkang males, kirang tanggel jawab, boten remen dhateng tantangan, satemah ndadosaken pakaryan dipuntundha-tundha.

Srawung kaliyan siswa *plegmatis* ingkang gadhah sipat remen sesrawungan menika boten patos awis. Tumindak ingkang trep kangge sesrawungan kaliyan siswa *plegmatis* menika kanthi nedahaken sikap ingkang kados kanca saha boten meksa. Siswa *plegmatis* menika minangka panengah saking sadaya watek,

satemah piyambakipun remen ngrampungaken prakawis bilih wonten kanca utawi kulawarga ingkang mengsahan (Muhadi, 2016: 164).

Wonten saperangan cara kangge sesrawungan kaliyan siswa *plegmatis*. Kaping pisan, sampun nywanten seru nalika ngandharaken satunggaling bab. Kaping kalih, boten prelu paring semangat ingkang linangkung. Kaping tiga, sampun rikat bilih badhe ngandharaken wosing prakawis. Kaping sekawan, paring wekdal kangge mangretosi menapa ingkang bibar kita andharaken. Kaping gangsal, tansah *konsisten* amargi siswa *plegmatis* bakal emut menapa ingkang kita nate andharaken. Kaping nem, sampun micara bab ingkang ngewrat kathah prakawis. Pungkasan, teges dhateng kawicaksanan ingkang badhe dipunpendhet (Liaw, 2010: 17). Siswa *plegmatis* ingkang gadhah sipat ingkang radi randat saha kirang greget anggenipun nindakaken satunggaling bab, *pesimis*, saha asring nundha anggenipun ngrampungaken prakawis kedah dipungulawenthah kanthi leres. Ing ngandhap menika cara kangge nggulawenthah siswa *plegmatis*.

a. Nuwuhaken greget

Siswa *plegmatis* ingkang gadhah sipat boten remen dhateng prakawis, tumindak saben dintenipun tansah *monoton*, ingkang wigatos piyambakipun boten kenging prakawis. Awit saking menika siswa boten gadhah greget kangge nindakaken satunggaling bab. Ing ngandhap menika cara kangge paring semangat dhateng siswa *plegmatis* (Muhadi, 2016: 165-167).

1) Paring Panyengkuyung

Salah satunggaling wujud panyengkuyung menika bilih siswa pikantuk biji ingkang awon becikipun sampun lajeng dipundukani. Langkung becik

dipundangu rumiya menapa sebabipun, sasampunipun ngretos sebabipun lajeng paring *solusi*. Tumindak menika langkung sae tinimbang duka dhateng siswa.

2) Sinau sinambi dolanan

Siswa prelu sinau kanthi metodhe ingkang ngremenaken supados boten bosen. Salah satunggilipun inggih menika kanthi sinau sinambi dolanan. Bab menika bakal ndadosaken siswa remen anggenipun sinau. Ing jaman samenika saged ngginakaken video, foto, internet, tetembangan, film, saha sapanunggilanipun.

3) Ngancani siswa sinau

Siswa menika bakal langkung greget anggenipun sinau bilih gurunipun ngancani anggenipun sinau. Kanthi makaten, menapa ingkang siswa boten mangretos saged langsung nyuwun priksa satemah siswa menika boten *stress*.

4) Sesrawungan ingkang raket

Raketipun sesrawungan antawis murid kaliyan gurunipun menika wigatos sanget. Kanthi sesrawungan ingkang raket saha sae, siswa utawi murid boten ajrih kangge nyuwun priksa utawi cariyos bab prakawis ingkang nembe dipunlampahi.

5) Mangayu bagya

Siswa pantes dipunparingi bebungah nalika piyambakipun pikantuk *prestasi*. Paring bebungah arupi pangalem utawi tambahan biji dening guru. Kanthi makaten siswa dados langkung greget saha *termotivasi* kangge sinau.

b. Paring bebungah

Paring *apresiasi* utawi *penghargaan* dhateng siswa *plegmatis*. Mahyakaken bilih menapa ingkang sampun dipuntindakaken siswa menika sae, menapa kemawon tumindak ingkang sae menika boten menapa kangge langsung dipuntindakaken. Sasampunipun siswa tumindak sae kita kedah paring *penghargaan* ingkang dipunjumbuhaken kaliyan menapa ingkang dipuntindakaken siswa (Muhadi, 2016: 168). Wondene Isnawati (2010: 84) ngandharaken bilih guru saged paring pangalem utawi keplok bilih siswa kasil anggenipun mangretosi pasinaon, sae sacara sampurna menapa dene kirang sampurna. Pangalem utawi *apresiasi* saged nuwuhakaken *motivasi* utawi gregetipun siswa kangge sinau langkung sregep malih. Siswa minangka manungsa inggih mesti kemawon badhe tuwuh raos remen saha mongkog satemah saged langkung remen anggenipun sinau.

c. Nggulawenthah siswa supados boten gampil pitados dhateng tiyang sanes

Siswa *plegmatis* ingkang gadhah sipat tansah ngupaya kangge mbungahaken tiyang sanes, ndadosaken siswa menika gampil dipunrayu. Piyambakipun gampil pitados dhateng tiyang sanes amargi menggalih bilih menapa ingkang dipunngendikakaken tiyang sanes menika leres. Gampil kaprabawan dhateng ajakanipun tiyang sanes satemah pangraosanipun ugi gampil ewah. Siswa kedah dipungulawenthah supados saged mangretos langkung rumiyin ajakan menika sae menapa boten saderengipun pitados saha tumut nindakaken (Muhadi, 2016: 172).

d. Sabar

Siswa *plegmatis* gadhah tumindak ingkang kirang sae inggih menika asring nundha pakaryan. Pramila, guru kedah sabar anggenipun mbiyantu siswa kangge nggulawenthah supados siswa boten malih nundha-nundha anggenipun ngrampungaken pakaryan utawi prakawis. Kadhang kala guru ngraos jengkel kaliyan tumindak kasebat ananging kangge ngadhepi siswa *plegmatis* menika kedah sabar saha tlaten (Muhadi, 2016: 173). Isnawati ngandharaken bilih guru kedah ngupaya kangge meper hawa nepsu utawi *emosi*. Sampun ngantos dados guru ingkang remen duka saha alit manahipun. Sipat ingkang remen duka saha alit manahipun menika ndadosaken swasana kelas dados boten sakeca saha kirang *kondusif* kangge pasinaon (2010: 125).

e. Ngaosi siswa

Siswa menika bilih boten dipunparingi *apresiasi* sanadyan namung alit, piyambakipun bakal dados siswa ingkang *rendah diri* saha boten saged nggayuh gegayuhanipun. Siswa *plegmatis* menika mbetahaken kawigatosan ingkang langkung. Pramila kangge ngrampungaken prakawis menika guru kedah paring *apresiasi* sanadyan namung arupi pangalem. Nalika piyambakipun pikantuk *apresiasi* menika bakal nggugah gregetipun siswa kangge sinau saha saged nggayuh gegayuhanipun (Muhadi, 2016: 173-174).

f. Ngadhepi sipat *keras kepala* kanthi wicaksana

Sanadyan siswa *plegmatis* kagolong siswa ingkang manut satemah purun nindakaken menapa ingkang dipunprentah, piyambakipun gadhah sipat *keras kepala*. Bilih sipat menika dumadakan tuwuh, sampun pisan-pisan kangge meksa.

Siswa *plegmatis* bakal tetep nyepeng menapa ingkang dados pamanggihipun, sipat ingkang gampang kaprabawan tiyang sanes menika sanalika ical. Pramila kita kedah maringi kalodhangan kangge siswa ngaso rumiyin (Muhadi, 2016: 174).

G. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih panaliten ingkang sampun katindakaken dening Aziz (2010) kanthi irah-irahan *Pengaruh Metode Pembelajaran dan Tipe Kepribadian Pada Hasil Belajar Siswa dalam Mata Pelajaran Fiqih (Penelitian Eksperimen Faktorial di MTs Matholi'ul Huda Gebong Kudus)*. Panaliten menika ngandharaken bab pangaribawanipun metodhe pasinaon saha kapribaden siswa kaliyan asilipun sinau utaminipun wonten ing pasinaon *fiqih*.

Asiling panaliten menika kangge mangretos menapa metodhe pasinaon ceramah saha sosiodrama gadhah pangaribawa kaliyan siswa ingkang gadhah kapribaden *introver* saha *extrover*, siswa ingkang gadhah kapribaden campuran boten tumut ing panaliten menika. Panaliten katindakaken supados bilih mangretos metodhe ingkang trep kaliyan kapribaden siswa, saged ngindhakaken greget saha asiling pasinaon siswa. Dudutan saking panaliten menika inggih wonten pangaribawa bab metode pasinaon ingkang dipunginakaken guru kaliyan jinis kapribaden siswa tumrap asil pasinaon Fiqih ing MTs Matholi'ul Huda Kedungsari Gebog, Kudus.

Bab ingkang sami kaliyan panaliten menika bab kados pundi metodhe utawi cara guru anggenipun mucal ingkang dipunsambetaken kaliyan kapribaden siswa ingkang saged mangribawani asil pasinaonipun. Bedanipun inggih menika

panalitenipun Aziz (2010) menika ngginakaken kalih jinis kapribaden inggih menika *introver* saha *extrover*, ing panaliten menika ngginakaken sekawan jinis kapribaden inggih menika *sanguinis*, *koleris*, *melankolis*, saha *plegmatis*. Salajengipun nembe dipunrembag bab kados pundi caranipun nggulawenthah siswa miturut jinis kapribadenipun. Panaliten menika ngginakaken *data* saking *naskah* Jawi, wonten ing panalitenipun Aziz (2010) *data* dipunpikantuk saking panaliten *eksperimen* ingkang katindakaken langsung wonten ing kelas.


Panaliten ingkang jumbuh salajengipun inggih menika panalitenipun Supriyanto (2017) kanthi irah-irahan *Pengaruh Kompetensi Pedagogik dan Kompetensi Kepribadian Guru Terhadap Prestasi Belajar PAI pada Siswa SMK Ganesha Tama Boyolali Tahun Ajaran 2016/2017*. Panaliten menika ngrembag bab *kompetensi pedagogik* saha *kompetensi kepribadian* guru ingkang saged mrabawani asil sinau siswa.

Panaliten menika gadhah dudutan bilih wonten pangaribawa antawis *kompetensi pedagogik* tumrap asil pasinaon *Pendidikan Agama Islam*. Asil pasinaon ugi dipunaribawani dening *kompetensi kepribadian*. Satemah saged dipunpendhet dudutan bilih wonten pangaribawa antawis *kompetensi pedagogik* saha *kompetensi kepribadian* guru kaliyan asil pasinaon *Pendidikan Agama Islam* siswa SMK Ganesha Tama Boyolali warsa 2016/2017.

Bab ingkang sami antawisipun panaliten menika kaliyan panalitenipun Supriyanto (2007) inggih menika sami ngrembag bab ingkang saged mrabawani asil pasinaon siswa saha kados pundi cara guru saged mangretos siswa satemah saged ngginakaken metodhe ingkang trep anggenipun mucal supados asil

pasinaon siswa saged kasil kanthi sae. Bedanipun inggih menika ing panalitenipun Supriyanto boten dipunrembag bab kapribaden siswa, ananging langkung *fokus* ing gurunipun.

H. Alur Pikir



Gambar 2.2 Alur Pikir Panaliten